ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДДОКI

№25 (21.183) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 9, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●УФ-м и Къэрал Советым

Путин Владимир мурадышхуэхэм хуэунэтIа гъуэгум захуэу дыхуешэ

Мазаем и 8-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ УФ-м и Къэрал Советым и зэIущIэ зыуфIащ. Ар Кремлым и Дворецышхуэм и Георгиевскэ залым щригъэкIуэкIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Урысей Федерацэм и Iэтащхьэм и псалъэр триухуащ 2020 гъэм нэсыху къэралым зэрызиужьыну стратегием.

- ПУТИНЫМ хэIущIыIу ищIащ Урысейм зэрызиужьыну стратегие тэмэмыр, мурадышхуэхэм яхуэунэтIар. Ар сыт и лъэныкъуэкIи нэгъэсауэ зэпэлъытащ, кьалэн нэхъыщхьэхэу цIыхуэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр ядэIыгъыным, ар къэгъэсэбэпыным, технологие лъагэхэр зэтегъэуэвэным, къэралым и зыужьыныгъэр инновацхэм я гъуэгурIэ унэтIыным теухуахэр IупщIу кьыхигъэщхьэхуIащ, - жIаIащ Урысей Федерацэм и Iэтащхьэм кьыпсэлъым теухуауэ Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Унафэщым къэхурсэщащ къэралым и Президентым жиIаэр кьэпытауэ, дэтхэнэ щIыналъэми и стратегие планхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэжын хуейуэ кьызэрилытэр.

- Президентыр сэ дызэIыбгъ «зыужьныныгъэ и лъэныкъуэкIэ ягъэ итхэм дальэщIыхьхьэ» зэпыту едгъэжьжьI зэрымыхьунумкIи, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ гъуэгум текIуэныгъэм ухуишэнукъым. Урысейм зезыгъэжьынур къэкIуэнум тещIыхьа планхэмрэ лэжьыгъэмрэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ Путин Владимир къипсэлъам мыхьэнэшхуэ зиI? Iуэхугъуэ кьызэрысхэзэщIапхъэр: Урысейм зэрызиужь гъэгъум зихьхъужьынукъым гъатхэпэм и 2-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэм я ужькIи.

- А гъуэгур хуэунэтIащ зэкIэлъыкIуэу ягъэкIэ кIуэтэным икIи абы Iэмал къет зэрыщIну Урысейми, хэхуэу абы и щIыналъэхэм ящIащ дэтхэнэми заужьныжьмкIэ, - жIаIащ Къанокъуэ Арсен. - Мы зэманым Урысейм зиужьын папщIэ хэкIыпIэ инкэр иIэщ икIи а хэкIыпIэхэр щIыналъэхэми къагъэсэбэпын хуейщ. Къапщтэмэ, КъБР-м и рекреацэ комплексым псынщIэу зеужь, ауэ абы къыдэкIуэу, инновацэ технологиехэр къэдгъэсэбэпурэ, промышленностри къэтэтын хуейщ. Псом хуэмыдэу къаруушхуэ ехьэлIапхъэщ къэувыIауэ щыт е я зэфIэкI псомкIи къытхуэмыгъэсэбэп предприятэхэр щэщIауэ лэжьыгъэм егъэувэлIэным, апхуэдэу агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным. Кадрхэри егъэджэн хуейщ икIи а Iуэхум дэ щIэддзащ. Гъэпсэгъуэныгъэ зэмылIуужьыгъуэхэм дыкъгурэ, опыт пэрытыр, иджырей технологиехэр кьыдзэрытщтэным дыхущIокъу. А мурадым тещIыхьащ КъБР-м и делегацэр мыгувэу Италием, нэхъ иужькIэ Тыркум зэрыкIуэнур.

Къанокъуэ Арсен акъылэгъу техъуащ тэмэму лажьэ экономикэ зэтеуцэн папщIэ курыт класс жыхуэтIэр лъэ быдэкIэ зэфIэувэн зэрыхуеймкIэ.

- Урыс Владимир жиIащ 2020 гъэм ирихьэлIэу урысей цIыхуэхэм ящыщу процент 60-70 нэхъ мынэхъ мащIэр курыт класс жыхуэтIэм и псэукIэм нэсын зэрыхуейр. Дэрэ кьалэну зыхуэдогъэувыж курыт классым хиубыдэу цIыхуэхэм я псэукIэр кьыдэзэыгъэпэщыфыну хъарычэт Iуэху мыиныкIэ хъарычэт Iуэху курытымрэ зедгъэужьыну. Мы зэманым дэ дызэрыхуейм хуэдэу а Iэнатlэхэм заужьакъым, ауэ мы Iуэхум зегъэхъуэжьыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэфIэдгъэкIыу щIэддзащ. - къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм. Щалхъуэ абы къихьащ Налшык къалэм къыщыдзэрагъэпащэ бизнес-инкубаторым хъарычэт лэжьакIуэхэм лэжьапIэ гъэщэн бэджэнду кьыщIиах зэрыхъунур, апхуэдэу Iэщ1агъэлIэхэм я чэнджэщхэри къагъэсэбэпыну Iэмал зэраIэр. Абы къыдэкIуэу, кьыщIигъуащ Къанокъуэ Арсен, республикэм щIыззэтеуващ лэжьэн щIэзыдзэ бизнесмэнхэм налогхэм я лъэныкъуэкIэ зэрыхудачых системэ.

Къанокъуэ Арсен зэрызжиIамкIэ, 2022 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызиужьыну стратегием хэплъэжынущ къэралым и зыужьныныгъэм ехьэлIа Iуэху нэхъыщхьэу Путин Владимир кьыщыпсалъэм кьыгъэлъагъэуэм ятеущIыхьауэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу нэхъ ягъэзэман кIыхьым тещIыхьа зыужьныныгъэм и концепцIэ къэзыщIтахэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ. А документыр тэмэму зэгъэкIуэуэу зэхалъхьауэ къыдыIытащ Урысей Федерацэм Щыналъэхэм зегъэужьыныжмкIэ и министерствэм. Концепцэм кьыззэрыщыгъэпсэлъэгъуэмкIэ, республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэр щIэгъэхуэбжьауэ екIуэкIынущ мы кьыкIэлъыкIуэу унэтIныныгъэхэм тету: мэкъумэш Iэнатlэм зрагъэужьынущ, абы и продукцэм елэжьынущ, премиум-сегментым хиубыдэ ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыныр, ахэр нэгъэущ къэралхэм щыщIэныр и пльапIэу; турист-рекреацэ, санаторэ-курорт комплексхэм зрагъэужьынущ; промышленностымрэ ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр кьыщIэзыгъэкI Iэнатlэхэмрэ технологие лъагэхэм ятеущIыхьауэ, инновацэ гъуэгум тету кьаIэтынущ. Стратегиер зэрагъэзащIэм и хьэкъкIэ валовэ щIыналъэ продуктым зэпымыууэ хэхъуэнущ, 2006-2022 гъэхэм ильэс къэс проценти 9,9-рэ кьыщIигъуэу. Абы кьыдэкIуэу экономикэм и зэхэлъыкIэми зрагъэхъужынущ.

ХЬэПэ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Махуэ къэс

ДыщэкI Мадинэрэ Тут Зауррэ.

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ КъБР-м ЩIэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и коллегие.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кIуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ,** КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и кIуэдзэ **Къуэныкъуей Аслъэн,** щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ кьыззэщIауэ къыдэлъытауэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэр кьыззэIуихащ икIи Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я гугъу ищIу щIэпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр **Тут Заур**. Ар щхьэхуэу кьытеувыIащ блэкIа илъэсым зэфIагъэкIахэм, адэкIэ зэлъэкIыпхъэхэм, зыгъэпIейтей лъэпощхьэпохэм.

Я Iуэху еплъыкIэхэр кьаIуатэу, ирахьэлI IэнатIэхэр зыхуэфIымрэ зыхуэныкъуэмрэ жаIэу утыкум кьыщыпсэльащ Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщI **Ездаков Виктор**. «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмад** КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис** сымэ, нэгъуэщIхэри. Кьыззэхуэсахэр зыгъэпIейтей упщIэхэм жэуап ирату зэIущIэм кьыщыпсэльащ **ДыщэкI Мадинэрэ Къуэныкъуей Аслъэнрэ.**

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтхэр **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

●Дыгъуасэ

●КъБР-м и Парламентым

Сурэтыр **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Депутатхэм я лэжьыгъэм щIадзэж

Мазаем и 7-м, ильэсыщIэр кьызэрихьэрэ иджы япу, зэхуэсащ КъБР-м и Парламентым хэт депутатхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс**. Апхуэдэу псалъэмакъым кьрихьэлIащ КъБР-м и прокурор **Мер Юрэ**, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Парламентымрэ суд Iуэхущ1апIэхэмрэ щы-Iэ **Къуэныкъуей Залым**, КъБР-м и Конституцэ Судым и Унафэщ1 **Геляхов Абдулэхь** сымэ.

ЗэIущIэм и пэщIэдэхэм депутатхэр хэпльащ Прохладнэ къалэм и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэу ЩIанкIэ Маринэ хэхыным. КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкIа Iуэхур депутатхэм я пащхьэ кьрильхьащ КъБР-м и Унафэщым папщIэ зэдзэрэзыуэ Iэ яIэтащ икIи и къулыкъумкIэ абы екъуэхъуахэщ.

ЗэIущIэм и пэщIэдэхэм депутатхэр хэпльащ Прохладнэ къалэм и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэу ЩIанкIэ Маринэ хэхыным. КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкIа Iуэхур депутатхэм я пащхьэ кьрильхьащ КъБР-м и Унафэщым папщIэ зэдзэрэзыуэ Iэ яIэтащ икIи и къулыкъумкIэ абы екъуэхъуахэщ.

АдэкIэ депутатхэр хэпльащ фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ фондым и правленэм хэтхэм ящыщхэр зэхъуэкIыным. ЩIыналъэ Фондым лэжьыгъэмкIэ и директор **Къанокъуэ Аслъэнбч** къэпсэлъа нэуэ, депутатхэр правленэм хэтыныхэм якандидатурэ щхьэхуэхэмкIэ зэгурыIуащ икIи абыхэм папщIэ Iэ яIэтащ.

Е тIуанэ къеджэгъэуэу депутатхэм пхагъэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм турист IэнатIэм зыщегъэужьыным теухуа законопроектыр. Ари КъБР-м и Президентым кьыхилъхьа Iуэхухэм ящыщщ. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м и курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр **Фырэ Руслан**.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ЩIыр къыззэрагъэсэбэпыр гъэтэмэмыным еужьэрэкIын

Аргуэру щIым теухуа псалъэмакъ. Ар иригъэкIуэкI Къанокъуэ Арсен.

ЩIыр къыззэрагъэсэбэпыр аргуэру щIыхэпIащ мы Iэнатlэм реформэ щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырымкIэ КъБР-м и кочиссэм и зи чэзу зэIущIэм. Ар мазаем и 6-м иригъэкIуэкIащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

ЩIы IУЭХУР зэблэгъэкIыным республикэм и властхэр хуэсакъыу икIи емыпIэщIэкIыу бгъэдохьэ. «ЩIым унафэ тещIыхьыным дэ дыщIемыпIэщIэкIыр щIыуагъэ мыздыгъэхъун, политикэ Iуэхуэхэм ирисондэждэржыну хущIэкъухэм лейуэ щхьэусыгъуэ едмытын папщIэщ. Ауэ мы лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ кьыштпэщIитхэр жэуапльныгъэ зыпылъу щыт пэтми, кIыхьлIыхь тщIыныи Iэмал иIэхьым», - жIаIащ республикэм и Iэтащхьэм. Абы кьыззэрыхиГъэщамкIэ, нобэм кьэс щIыр уней щIыным ар псоми зэщIыпсу ягъэкъэзэбэпынми и теЛъхьэхэм я бжыгъэр зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым, абы кьыхэкIыу псалъэмакъэр кIыхьлIыхь хъуащ.

- АдэкIэ нэхъри дымыгъэкIуатэу унафэ пIуэхьыкIа кьэдмыщтэу хьунукъым. ЩIыр бэджэнду зэман кIыхькIэ ятынуми ар зэман кIэщIкIэ фIэкI ямытынуми гъэбелджылыпхъэщ. Арыншауэ зыужьныныгъэ пIэпIкъ диIэнукъым, проект пыухыкIаэр гъэзэщIанми дыпэрыкъуэфIнукъым, - кьыхиГъэщащ Къанокъуэ Арсен. - ЩIы IыхьэР бэджэнду зэратар зы илъэс пIаIэм тещIыхьамэ, ар кьэзыгъэсэбэпым фейдэ гъэпкъ иIэкъым щIыр игъэпшэркIи, иджырей технологиехэр кьыгъэсэбэпыну егупсыскIи. Апхуэдэ цIыхуэм щIыр езым еIуэ кьиГьытэркъым икIи ар пIаIэтэкIэ кьыгъэсэбэпу зэрыщытым тещIыхьауэ мэлажьэ. ЩIыр иГьэси 5-10 нэхъ р мынэхъ мащIэкIэ бэджэнду яту, абы и уасэр рынокым кьыгъэувхэм тещIыхьауэ яубзыхуу щытын хуейщ.

Президентым зэIущIэм хэтахэм ягу кьыгъэкIыжащ щIыр ди цIыхуэм я мыГьку нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ар хэхъуэхэми щIыпIэ бюджетми я гъабжьэщ, апхуэдэу щIыщыткIэ, цIыхуэхэм я псэукIэр абы кьэзыкIэ елъытащ. Абы и щIыхьэту Президентым щапхъэу кьихьащ Италием щыщ инвесторхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ Бахъэсэн районым теплицэхэр гектар 30-м щащIыну зэрырагъэжьар. Мы проектым текIуэдэр ильэситхэм кьрихьыдэу кьыпэжьыжьынущ. ИльэС къэс а теплицэхэм хэхъуэу кьатынущ районым и бюджетым дотацэу кьыIэрихьэм хуэдиз. Апхуэдэу щIыщIткIэ, район къэс зы теплицэ щаухуэмэ, щIыпIэ бюджетхэм хэхьэуэ зыхуей псори езыхэм къызэрагъэпэщщыжьфынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щIыIэ **Къуэныкъуей Залым** теп-сэлъыхьащ щIыр къэгъэсэбэпыным и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа правовой гъабжьэхэм. Абы ипкъ иткIэ зэIущIэм хэтахэр зэгурыIуащ къэралым и мыГьку щыт щIыхэр кьыщыхъэгъэщхьэхукIа япэ лъэхъэнэм мэкъумэш хозяйствэм кьыщагъэсэбэп щIыхэр муниципалитетхэм етын зэрыхуеймкIэ, итIанэ мэкъумэш предприятэхэр кьызэрагъэпэщ хьуну зэрыщытымкIэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ мэкъумэш кооперативхэр е акционер обществэ зэIухахэр кьызэрызэрагъэпэщ хьуну щыIкIэхэм, ауэ абыхэм ятеухуауэ унафэ пыухыкIахэр кьаIэтакъым. Мы Iуэхум хэплъэн дэжьаIуэ гуп кьызэрагъэпэщыну зэгурыIуащ. Абы кьыIэрихьэ Iуэхухэр, комиссэм хэтхэм кьыхалъхьэхэр зэпилъытыжьурэ, тхьэмахуитI кьэс зэ Президентым и пащхьэ ирилъхьэнущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●КъБР-м и Парламентым

Дерс кьыхахьркъым

Псоми лощIэж ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ядкьблагъэ уиагъуэхэм кьыщагъэсэбэн гъзыр кьызэрыщыщыуам пасыпыщагъэ куэд кьыгъэрихьар.

Уеблэмэ, ахэр кьэмыхъун папщIэ лэжьыпхъэхэр иубзыхуну УФ-м и Премьер-министрым хуиГьэуВауэ щытащ «Ростехнадзорым». Iуэху гуэрхэри зэфIагъэкIа хуэдщ. АрщхьэкIэ ахэр мащIэщ. Абы щыхьэт тохъуэ Краснодар къалэм и Iэшэлъашэхэм тIуэу этет унэр аргуэру кьызэрыщыуар. ЦIыхухтI хэкIуэдащ. Хабзэхъуэхэм кьалъытэ псори зи ягъэр гаIыр тэмэму кьызэрамыгъэсэбэпар арауэ.

ЗохагъэкIын мурадкIэ

Украинэм щIыдагъэмрэ газымкIэ и Iэщ1агъэлI гуп Москва къэкIуащ къэралитым гъэсыныпхъэ и лъэныкъуэкIэ яку кьыдэхьуа зэгурымыIуащ1ыгъэхэр зэфахьыу мурадкIэ.

ИпэIуэкIэ Украинэм и правительствэм и упафэщI Тимошенкэ Юлие жIащ къэралитым гъэсыныпхъэ и лъэныкъуэкIэ кьаугъэгурри яку дэмыIуэ. АрщхьэкIэ урысей лъэныкъуэм трегъэчыныныр Украинэм газ и лъэныкъуэкIэ щIыхуэпхуэ - доллар мелард 0,5-м щIигъу - кьытехуауэ.

Зэпсэлъэныгъэхэр гугъуу йокIуэжкI.

Зэуэ 8

США-м и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щаутIыпщащ «Атлантис» хьэрш кхъуэкIыр.

Абы ису зэуэ хьэршым ихьащ цIыхуи 8. Абыхэм дунейпсо космос станцыем кьыжуриГьэгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щрагъэжьIуэкIынущ. Астронавтхэм ЩIым кьагъэзэжьи я мурадщ махуэ 13 дэжьа ящ.

А зэманым кьриубыдэу США-м и космоначтхэр станцыем щэнейр кьыкIынущ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ.

Тхьдэм хохьэ

Актер щIэрыIуэ Тихонов Вячеслав и ныбжьыр ильэс 80 ирикъуащ.

Ар театрым киноми роль нэхъыщхьэ куэд щызыгъэзэщIа цIыхущ. Ауэ псоми ефIэкIыжащ «Семнадцать мгновений весны» фильм кIыхьыми абы Штирлиц и ролу щигъэзэщIар икIи зэи мыкIуэдыжьыну совет кинематографым и тхьдэм хыхьар.

Пэжщ, мы зэманыр Тихоновыр гукъыдэмыкIащ, ауэ абы и зэчий кьызэрымыкIуэм пщIэ хуэзыщIцIыхуэ мелуанэр щогугъ ар мыгувэу кьыззэпIуэвжьну.

Шэч кьытемыхьэ

Бзэрэмрэ жармыкIуэмкIэ Москва и гильдием (зэгуэхьыгъэм) и Iэтащхьэ Чивилихиныр зыужьащ1ар кьаIыхьащ.

МыщIыху гуэрхэм абы шэ щытрагъэлъэлъащ езыр щыпсэу унэм и гъунэгъуу. Зыми шэч кьытрихьэрхьым Чивилихиныр зытекIуэдар езым ирихьэкIуэкI лэжьыгъэм зэрыпылIам.

Иужь зэманым хьэрычэтыщIэм псапащIэ Iуэхуэхэм хуабжьу зриТат.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мазаем и 9, *щэбэт*

♦1895 гъэм американ Морган къигупсысащ волейбол джэгукIэр.

♦1897 гъэм Урысейм япэу цIыхуэхэр кьыщыхатхьакIащ. А зэманым къэралым цIыху мелуанитI 126-рэ мин 400-рэ щыпсэурт.

♦1441 гъэм къалъхуащ узбек усакIуэ, уэзэщIакIуэ, къэралдэжьакIуэ Навои Алишер. 1501 гъэм IапIэ.

♦1951 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Иванов Анатолий.

♦ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 17-м, къухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 27-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 10-рэ.**

Мазаем и 10, *тхьэмахуэ*

♦1911 гъэм къалъхуащ академик, Социалист Лэжьыгъэм щэнейр и Лыхъужь, Ленин саугъэтым, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат Келдыш Мстислав. 1977 гъэм лIащ.

♦1937 гъэм къалъхуащ къэбэрдей щIэныгъэхэм я доктор, профессор ЩIДАА-м и академик, Армавир ливинстикэ университетым и яп ректор Сэхий (КIарэ) Риммэ.

♦1940 гъэм къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ КъхъуэIуфэ Хьчим.

♦1942 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Дзхъу Мухьэмэд.

♦ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 15-м, къухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 29-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 14-рэ.**

Мазаем и 11, *блыщхьэ*

♦ Ди эрэм и пкIэ 660-рэ гъэм къызэрагъэпэщащ дунейм и монархие нэхъыжь дыдэ хьуа япон империер.

♦ Ираным и лъэпкъ гуфIэгъуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 14-м, къухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 30-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 16-рэ.**

ПIэнэгъэ зыхьхьэхьарэр
ШАЛ Мухьэмэдин.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Пэжьр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.

ДыщэкI Мадинэрэ Тут Зауррэ.

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ КъБР-м ЩIэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и коллегие.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кIуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ,** КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и кIуэдзэ **Къуэныкъуей Аслъэн,** щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ кьыззэщIауэ къыдэлъытауэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэр кьыззэIуихащ икIи Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я гугъу ищIу щIэпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр **Тут Заур**. Ар щхьэхуэу кьытеувыIащ блэкIа илъэсым зэфIагъэкIахэм, адэкIэ зэлъэкIыпхъэхэм, зыгъэпIейтей лъэпощхьэпохэм.

Я Iуэху еплъыкIэхэр кьаIуатэу, ирахьэлI IэнатIэхэр зыхуэфIымрэ зыхуэныкъуэмрэ жаIэу утыкум кьыщыпсэльащ Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщI **Ездаков Виктор**. «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмад** КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис** сымэ, нэгъуэщIхэри. Кьыззэхуэсахэр зыгъэпIейтей упщIэхэм жэуап ирату зэIущIэм кьыщыпсэльащ **ДыщэкI Мадинэрэ Къуэныкъуей Аслъэнрэ.**

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтхэр **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

ДяпэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым мылькумрэ щIымрэ унафэ яхуэщIынымкIэ и министерствэм и коллегием мазаем и 7-м щыззэхальхъэжащ и нэгъабрей лэжьыгъэм кърикIуахэр, апхуэдэу мы гъэм кьаныщIу къалэнхэр щаубзыхуащ.

МИНИСТР Сэхъу Мухьэмэд и докладым щызэпкърихащ 2007 гъэм нэхъыщхьэу я нэIэ зытрагъэтахэр, лъэпощхьэпохэр кьызэхкIымрэ ахэр кьызнэкIынымкIэ лэжьыпхъэхэмрэ.

Зэхьыхэм щагъэбелджылащ гъэтIылъыпIэ имыIэу дяпэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр икIи абыхэм ятеуха унафи кьащтащ.

УЭРЗЭЙ Рашид.

●Ди псэльэгъуэр ●Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт кьыдэкIыгъуэ

●ТВ, радионэтынхэр ●Малъхьэдис

Ди къуэрэ щыгъуазэкIэ

Унагъуэм и ильэсыр йокIуэкI

АДЫГЕЙ. ***Унагъуэм и ильэсыр республикэм щыщагъэдэлапIэкIэ Iуэхугъуэ 30-м щIигъу кьызэщIубыдэнущ. Я мурадщ унагъуэщIэхэм я клуб кьызэрагъэпэщыну, «СТЮ хьурейхэр», конференцхэр, конкурсхэр, прагъэкIуэкIыну, спектаклхэр ягъэльэгъуэнущ, зэрызэдэпсэурэ ильэс 50 ирикъу зэщхьэгъусэхэр ягъэльэпIэнущ.***

РЕСПУБЛИКЭМ ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, яубзыхуэ Iуэхугъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтынкIи хьунущ. Псальэм папщIэ, кьыхалъхьащ Мейкьуэпэ Анэм и фэепль щагъэувыну.

Унагъуэм и ильэсыр мазаем и 15-м кьыщызэIуахкIэ гуфIэгъуэм хэтынущ Адыгейм и президент ТхьэкIэшынэ Аслъэнджэрий.

ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядоIэпыкъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм щаубзыхуэ щIыналъэ СМИ-м зэшIэгъэкьуэныным теухуа программэ. Ильэситхэм тращIыхьа а проектыр кьыхалъхьащ республикэм Мандат IуэхугъуэхэмкIэ, регламентымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетымрэ Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ печатымкIэ министерствэмрэ.***

А ПРОГРАММЭМ кьыщагъэльэгъуэнущ къэралдэIэпыкъуныгъэм щIэту республикэм типографие кьыщызэIухыныр, зыхуэ оргтехникэр къэзэхуныр, гонорар фонд кьызэгъэпэщныр.

КьызэралытэмкIэ, а программэр пхыгъэкIыныр сэбэн хуэхьунущ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм заужьныным, журналистхэм я техникэ гугъуэхьэр зэфIэхыным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Депутатхэм я лэжьыгъэм щIадзэж

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-ир нап.)

Щхьэхуэу тепсэлыхьащ «Репатриантхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законымрэ «2008 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетыр и Iуэхуклэ» КъБР-м Законым и 18-нэ статьям и 7-нэ пунктымрэ къаруэ ямыIэжу къэлыгъэнымкIэ законопроектхэм. Абы ипкъ иткIэ кIэпсэлъащ ЗаконодательствэмкIэ, къэралыгъэнымкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэмкlэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**. Абы жиIащ 2001 гъэм къыщатуэ щыта «Репатриантэм ятеухуа» Законыр федерал законодательствэм и мардэхэм къыз эрыщхьэщыкIыр, ахэр къэлыгъэуэ Iуэхум хэлъхьэн зэрыхуейр.

«2007-2011 гъэхэм КъБР-м хьэрычэт Iуэху мыиным зыщегъэжьынырыр икIи щыдэIыгъынырэ республикэ программэ хэхар къэщтэнэм техуэауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр» хэгъэзэ законопроектым зэуэ къеджэгъуитIу хэпльащ. Абы щытепсэлъыхьым, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Атэлыкъ Анатолэ** къыхиутэщащ хьэрычэт Iуэху мыиным, кэрытым пащIэ лэжьапIэ бизнес-инкубатор къызэгъэпэщыныр 2008 гъэм и мазае мазэм зэфIэкIын хуейуэ зэрыщытыр. Иджыпсту Iуэху псори зыбгъэдэхуэр офис бизнес-инкубаторыщ. А Iуэхущ Iапитыр къызэщIибыдэу къыIуахьыну я мурадщ «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» зыфIаща къэралыгъэ. Абы ипкъ иткIэ льготэ пыухыкIахэр яIэу хьэрычэтыщIэхэм Iуэхущ Iапэ пэщIэр хухахыщ, консалтинг Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэнущ, уней Iуэху къызэрагъэпэщыныкIэ, зрагъэужьыныкIэ, нэгъэущIэхэмкIи адэIэпыкъунущ. А псом текIуэдэну мыпхыр къыхэкIи хуейщ КъБР-м и республикэ бюджетым.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ЩIхьэтэпсо Сэфарбий** парламентархэм я пащхьэ кIрихьащ «Балигъ мыхьэ-ахэм къащхьэщыжыныкъ, защIэгъэкъуэным хуэунэтIащ» КъБР-м и Президентым къыхилъха законопроектиI. Ахэр хуэунэтIащ балигъ мыхьуахэр къэралыгъэIуэм (КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм) и нэIэм щIэзэгъэныкъуэ.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыхигъэ дызэрыгъэтхъэ сессием хиубыдэу ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр. Планым хэтщ хабзэгубзыхь лэжьыгъэхэр, парламент едэIуэныгъэхэр, къэпщIэныгъэхэмрэ «стIол зыхурейхэмрэ», хэхакIуэхэм яхэгъэзэ зэуIуэщIэхэр, нэгъэущIэхэр.

Правительствэм хуэхъ сыхьэтым хиубыдэу къыщыпсэльащ КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ХьэпащI Анзор**. Абы и докладыр триухуащ «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектыр ди республикэм къызэрехьуIэм. Анхуэдэу ХьэпащIэм жэуап иритащ а Iуэхум теухуауэ депутатхэр зыгъэIейтей упщIэ псоми.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Профсоюзхэр Медведев Дмитрий и кандидатурэм къытоувыIэ

●Хэхыныгъэ-2008

Гъатхэпэм и 2-м екIуэкIыну Президент хэхыныгъэхэм КъБР-м и Профсоюзхэм щыдалыгъынуц УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Медведев Дмитрий и кандидатурэр. Ар бедзаныпы щыхъуащ республикэм и Профсоюзхэм я федерацием и къулыкъу нэхъыщхьэм хахыну зыкъызыгъэлъэгъуащэм яхэт Медведев Дмитрий 2008 гъэм щIыщыIэм и 29-м Урысыем и Профсоюз щхьэхуитым я федерацием и Генеральнэ советым къыщинсэлъэхэм щыуБзыхуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр. Ар УФ-м и Президенту хахмэ, профсоюзхэр хьэзырщ абы и программэр пхырыгъэнымкIэ сыт и лъэныкъуэкIи хъунущ.

АПХЭДЭУ зэIуущIэм щыIэхалъхьэжащ 2007 гъэм я лэжьыгъэхэр къыриубухэр, къаIэныщIэжащ щаубзыхуащ.

Пленумым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Жэфэдз **Бечелов Ильяс**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ, КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщ **Къанокъуэ Сультан**, нэгъэущI къуныкъущIэхэр.

Федерацэм и унафэщI **Iау Пщыкъан** и докладыр триухуащ. Абы къызэрIиIэтащ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр. Планым хэтщ хабзэгубзыхь лэжьыгъэхэр, парламент едэIуэныгъэхэр, къэпщIэныгъэхэмрэ «стIол зыхурейхэмрэ», хэхакIуэхэм яхэгъэзэ зэуIуэщIэхэр, нэгъэущIэхэр.

Правительствэм хуэхъ сыхьэтым хиубыдэу къыщыпсэльащ КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ХьэпащI Анзор**. Абы и докладыр триухуащ «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектыр ди республикэм къызэрехьуIэм. Анхуэдэу ХьэпащIэм жэуап иритащ а Iуэхум теухуауэ депутатхэр зыгъэIейтей упщIэ псоми.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Налшык

ЗэхъуэкIыныгъэ игъуэутыщ

Фокладэм (сентябрым) и 30-м курыкъ-абхъаз зауэр зэрэуихрэ илъэс 15 ирикъунущ. Абы ирихьэлIэу Налшык Абхъазым и утыку зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэутынущ.

ПРОЕКТ ЛЭжьыгЪэХЭр зыгъэхьазыра Елей Анзор зэрыжиIамкIэ, Абхъаз зауэм хэтахэм хуагъэува фэеплым дыгъэ бзий теплъэ зиIэ лъэс лъагъэ зыбжанэ къыбгъэдэкIыу яухуэнущ, абы и кIыхьагъкIэ тетIысхьэпIэ дахэхэмрэ узрам узэдыгъэ зыкъыозыхьэмрэ ирикIуэу. Фэеплъыр удзыифэ-щхьэфачэу ирагъэнрэ, хуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ къыхуэтыжкъэ псалъэхэр зытет «пхьэбгъуэхр» лъэныкъуитщымкIи къыщыфIалъхьажынущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Футбол

Испаниер къаполлъэ

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм мы гъэм щекIуэкIыну зэхъэзэхуэм зыхуэзыгъэхьазыщIэ «Спартак-Налшык» нобэ Испанием лъэтащ.

НАЛШЫКДЭСХЭМ абы щыщатэсэну къудейкъым, атIэ мазаем и 11-м щыщIэдзауэ Норвегием, Данием, Швециэм я командэхэр къызрихьэлIану La Manga Cup зыфIащуэ илъэс кIэс екIуэкI зэпеуэм хэтынущ.

- «Спартак-Налшык» мы гъэм хэдгъэхьанкъэр пригоен 90-кIэ наIуэ хъуащ икIи ахэр джэгупIэ губгъуэм фIыуэ зэгурыIуэ зэрыщыхъуным дипэкIэ дытелъэхьэнущ, - ежьэм и пэкIэ ди щIалэхэм я тренер нэхъыщхьэ Краснокан Юрэ анхуэдэу къыджиIащ. - Иджырэ зыгуэркъэ къытхьыжнущ, ауэ ахэр дымыпIащIэу къыхэхтынущ.

Емыжьэ щыкIэ Армениемрэ и щалэгъуэмэ команд къыхэхам и гъащIэхьэхуэмэ Степанян налшыкдэсхэм зэрахэтынумкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэтридзащ. АдэкIи кIэлъыплъынущ зэдаущ Португалием щыщ гъащIэхьэ Фелиппе, украин гъащIэхьэхуэмэныкъуэ Сытник, урысей гъащIэхьэуэ ХьэпIэр.

Ди гъэсэнхэр къыхожанымкI

Къэралым и щIалэгъуэлъ команд къыхэхам зэныбжьыгъуэгъэ зэIуущIэ Белоруссиэ дрирыгъкIуэкIащ. Абы хэтащ «Спартак-Налшык» щыщхэри.

ЗэIУЩIэР мазаем и 6-м Тыркуи щекIуэкIащ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Стукалов Борис джэгупIэ губгъуэм къригъэхьэхэм яхэтащ «Спартак-Налшык»-м и гъащIэхьэныжъ Ятченко Дмитрий, гъащIэхьэныжъ къуэ Самсонов Олег, гъащIэхьэуэ Къэжэр Назир сымэ.

Ди щIалэхэр нэхъыбIхэм ящыщащ. АрщхьэкIэ я гъащIэхьэр зыгъэхьэм топ яхудиргъэкIыну зэIуущIэр 1:1-уэ ёзыгъэуэкар нэгъабэ «Спартак-Налшык»м щыджэгуауэ иджы Санкт-Петербургрэ и «Зенитым» эхт Файзулин Викторэ. Аращ команд командэм и капитану щытари.

ЖЬЛАСЭ Заур.

ЩIэныгъэм и зыужьыкIэращ ди къэкIуэнур зэлъытар

Иуан Петр

1724 гъэм мазаем и 8-м Петр Езанэм и унафэкIэ Санкт-Петербург щIэныгъэхэмкIэ Академие къызэрыщызэIуахам ипкъ иткIэ, УФ-м и Президентым Унафэ къыдигъэкIри, 1999 гъэм мазаем и 8-р ЩIэныгъэхэм я махуэу ягъэуващ.

- ЦIыху гъащIэр щIэныгъэм зэрепхар кIуэ пэтми нэхъ наIуэ къэхъуурэ макIуэ, - жеIэ технико щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием и щIыналъэ центру КъБР-м щыIэм и унафэщI Иуан Петр. - Нобэ псоми къагурыIуэ щIэныгъэр хэмытмэ, зыужьыныгъэр къызэрызэтеувыIэнур, абы фIы къызэрыкIэльымыкIуэнур. ДызыхуэхьIуэ экономикэм щIэныгъэм и экономикэ гъэдэхэ хъунущ. Иджырэсту щIэныгъэм кьалэнныхьуэ щегъэзащIэ сыт хуэдэ товарри къыщIэгъэкIыным. Абы къыхэкIыу, е Урысейм и наукэм зыдогъэужьри, щIэныгъэм и экономикэ зэтыдоблэ, е нэхъ зыужьыкъ зэрадлэхэм къытхуащIи мыкIэ дыпсэуну аращ.

- **ЩIэныгъэм ди къэралым зэрыщыужьыну дауэ хеплъыр?**

- Иужьрей илъэс тIощIыр тыншу щытакъым. Зи гугъу тщIы Iуэхум хэхъ гугъуехьхэм лъабжьэ яхуэхъур щIалэгъуалэ зэчиифIэ куэд хамэ къэралхэм зэрыкIэрыщ. Абы и щхьэусыл-гъэр къэхутэ-ныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIи щхьэжьI зыхуей Iэмал псори зэрамыIэрщ, щIэныгъэ лэжьакIуэм къихь улахуэмкIэ унагъыр зэрыпхуэзмыгъэпсэурщ. Уеблэмэ, нэгъэущI къэралхэм мыкIуэфхэр сату Iуэхум щыхьхьажи куэдгъэ кхьэху. УФ-м и Правительствэм и фIыгъкIэ, бгъэдэ илъэситIым Урысейм ЩIэныгъэзэхмкIэ и Академием и щIэныгъэлIхэм я улахуэм хуэдитIым щIиГъукIэ хагъэхьауад. 2008 гъэм хагъэхъэнущ, итIанэ щIэныгъэхэм я кандидатым доллар 1000 мынэхъ мащIэ улахуэ къыхьынущ. Абы къыщыгъэщIэр 1:1-уэ ёзыгъэуэкар нэгъабэ «Спартак-Налшык»м щыджэгуауэ иджы Санкт-Петербургрэ и «Зенитым» эхт Файзулин Викторэ. Аращ команд командэм и капитану щытари.

ЖЬЛАСЭ Заур.

● Мазаем и 9-м Урысейм и Граждан авиацэр илъэс 85-рэ ирокъу

Хуэфащэу ирохьэлIэ

«Эльбрус-Авиа» ФГУП-м и тхьэмадэ Мэт Хьэутий, дызытекIухьар щыжеIэм, гуапэу дрипщIэблэгъащ. Абы и нэгум кьищIырт зи унафэщI IэнатIэм и IуэхущIафэм зэрыригуахуэр икIи илъэс блэкIам зрагъэжьуIэхэмрэ я мурадхэмрэ я гуапэу кьытхутепсэльыхьащ.

Дыщызэхуэзар бжыгъэ дахэм - Урысейм и Граждан авиацэр илъэс 85-рэ зэрыринкъым теухуатэ, ятэ упщIэр абыкIэ кьыщIэздзащ.

- **Хьэутий, фи предприятэм тхьэпIэ гъэщIэгъуэн иIэщ. Абы кIэщIу дыхэбгъэгъуэзэмэ, ди гуапэ.**

- ИпэжыпIэкIэ, ди республикэм, ди авиаторхэм тхыдэ кьуелэ яIэщ. «Налшык» кхъуэхьльэтапIэм лъабжьэ хуэхьуар ОСОАВИАХИМ-м и аэродромым и базэрщ. 1945 гъэм я Iуэхум щытегушхуам гектари 140-рэ хьэу щIы Iыхьэм тетар хьумапIэ теплъэ зиIа псэуальэрэ зы къуэдзапIэрэ. Абы щыгъэ Гроэнэ аэропортым ейуэ кьыдатыжат ПО-2 кхъухьльатэм хуэдизэ Iыхьэм хагъэхьат «Налшык» аэропортым Як-42-уэ кхъухьльатэ Iэ кьызэрыратар.

1995 гъэм вокзалым и уэрэн эыхуей кэуэгъэзащ, хамэ къэралыгъэ Iуэхутхьэбзэ зэрахъуэтIащ къызэIуах, ди республикэм и мэкъумэщ хозяйствэм авиацэр кьыщагъэсэбэпын щIадзэ.

КъыкIэльыкIуэ 1961-1964 гъэхэм Налшык и Ли-2, Ли-14, Ан-2, Л-2000 кхъухьльатэхэм Мэзкъу, Ростов, Минводы, Элиста, Волгоград хьэуа гъуэгуэр зэпащIэ икIи я фейдэ хэльу кьагъэсэбэп.

- **Хьэутий, фи зыужьыкIэ хьуам уэрырыгушхуэн куэд хэлъщ. Абыхэм сытым урегъупсырэ?**

- Ди цIыхуэр куэд дыдэм тегушхуэрт, Iэджэм зрапщытырт. Тхылъхэм зэритымкIэ, Налшык аэропортым нэрылъагъуу зиужьын щыщIидзар 60 гъэхэм нкуэрщI. Кхъухьльатэ зэмылIужьныгъуэхэм кьадэкIуэу, республикэм щылажьэрт Ми-1 вертолетэ 16-рэ Ми-4-уэ 12-рэ. Ди вертолет базэм нэхъ ин Кавказым щыIэтэкъым. Къэрал унафэкIэ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием, ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм, нэгъэущI Iэнатlэхэмэ я Iуэху дагъэкIыу ди вертолетхэр Iэкlуэльакlуэу щылэжьащ Ермэлым, Азербайджаным, Курскым, Кавказ Ищхьэрэм и щIыпIэ псоми. А зэман жьыкъэм, кьапщтэмэ, 1967 гъэм СССР-м и Правительствэм и унафэм ипкъ иткIэ, ди вертолетхэм нэгъэущI къэралхэми дзыхьащIыу, къыщыхуэзэрэзыуэ щытщ.

1941 гъэм щегъэжьауэ Ми-4 экипажхэр щыплъыраш Волгоградрэ Сальскрэ я зэхуэкум, Саратов областым и гъунапкъэм къыщыщIэдзауэ ищхьэрэ я пьэныкъуэмкIэ кIуэцIрыкIыу щыIэ щIыналъэ гъэ кIуэпIэхэм. Псом хуэмыдэу, лжжьыгъэшх уэ щыхэфIагъэкIырт Къэзахстанымрэ Сыбырымрэ. СССР-м Граждан авиацэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ 1942 гъэм и щIышылэ мазэм дэ Iуэхущ Iапэ щхьэхуэ я дохьу, 1975 гъэм авиаотряд зэгуэхьныгъэу дыхэзрахьэжI.

- **Абы ди къандэрэ зэман хъарзынэ дэкIащ, Хьэутий.**

- А илъэсхэрэ зыхуэхьжьар зыужьыныгъэрщ. Ди зэфIэкIмэ, техникэ бжьгъэмэ хэпщIыкIыу хэхъащ, мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэхэр едгъэкIуэкIащ. 1991 гъэм ди кхъухьльатэхэм зэпымыуэу зэщIагъэхьэрт Мэзкъу, Одессэ, Львов, Тэн Iуфэ Iус Ростов , Волгоград, Астрахьэн, Воронеж, Тбилиси, Саратов, Горький, Донецк, Липецк, Тамбов, Ашхабад, Актобинск, Кустанай, Куйбышев, Элиста, Киев, Харьков кьалэхэм, нэгъэущI щыпIэхэм я хьэуа гъуэгуэр.

- **Хьэутий, фи лэжьыгъэм рэ ди мурадымрэ дызэрыгъэбгъэгъуэзам папщIэ фIыщIэ пхудощI..**

Епсэльар

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

УсакIуэ уахъытыншэ

Мазаем и 10-р Пушкин Александр и фэеплъ махуэщ

1837 гъэм мазаем и 10-м дунейм екIуэкащ Пушкин Александр - урыс усакIуэ щэджащэр. Кьиргъэщар машIэми, абы хуэзфIэкIащ урыс литературэм я щIыналъэ дуней псом щIегъэуп, нобэр кьыздэсым щыхъум зызыщыамгъэнщI, абы и гур хэзыгъахьуэ, дзрэжгъэуэ кьезыт тхыгъэхэр кьиргъэщIы. Пушкиным и тхыгъэхэм ягъэбжьыфIэ дунейпсо литературэм и дыщэ бжьаблэр, ахэр зэи мыкIуэдыжьын художественнэ хъугъуэфIыгъуэ мыльытэщ, кьалэмыр зыгъабзэ дэтхэнэми дежкIэ щапхъэщ.

ЩIэныгъэлIхэм кьызэрахутамкIэ, Пушкинымрэ къэбэрдеипщ щэрыпуэ Бековичи-Черкасскэрэ зэблагъэщ. Тхыдэм щыхьэт тохъуэ урыс усакIуэхэм адыгэхэр ф1ыуэ ильагъуэу зэрыщытам, адыгэ ныбжьэгъу куэдри зэриIам. ЩыгъуазэхэмрэзэратхьыжакIэ, Пушкинымрэ ІЭгуэмэ Шорэрэ Псыхуабэ щыщхьэхэзэгъащ, усакIуэр ІЭгуэмэ щыгъуазэ ищIащ урысыбзэкIэ зэридзэкI пасэрей адыгэ хьабзэкIэрэ зэрадыхьэмрэ. Пушкиным и «Современник» журналым тедзэгъэ щытащ адыгэ тхакIуэ Къаз-Джрий и тхыгъитI - «ХьэжьитIэгъуэй аузымрэ» «Къэжэр таурыхьымрэ», апхуэдэ тхыгъэ купщIафIэхэр тхакIуэ щIалэм и къалэмпIэм къызэрыщIэкIар и гуапэ дыдэ зэрыхьуар техуэуа псалъэ дыщIигъури. ІЭгъэщI адыгэ тхакIуэм нэIуасэ хуэхъуауэ щытащ Пушкиным - «шэрджэс КарамзинкIэ зэдж Хъан-Джэрийр урыс усакIуэшхуэмрэ Бытырбыхъ зыбжанэрэ щызэхуэзащ (Хъан-Джэрий я зэманым Кавказ бгырыс эскадрон ныкъуэм и Iэтащхьэу щытащ: а эскадроныр хэкам я нэхъыбапIэр адыгэт; абы кьуныкъу щиищащ ІЭгуэмэ Шорэр).

Пушкиным нэхъ гъунэгъу хуэхъуауэ щытар Бекович-Черкасский Къемырболэтщ, «Арэрум сыкъэрыкIуар» гъуэгуанэ тхыгъэм абы и щIэр зыбжанэрэ хьэщIэрэ зэрыщытам, адыгэпщ цIэрыIуэм (нужькIэ генерал хъуам) лIыгъэшхуэ зэрыхэтъар кьыхоущ а гъэзагъэ тхыгъэхэм: аращ Дарьял ауз щынагъуэм усакIуэр дэзышащ («Бекович-Черкасскэр пщIыгъэмэ, ущIэшынэн щыIэкъым» - и итхыгъащ Пушкиным). Урыс усакIуэшхуэр адыгэжьмэ кьаз эрыхьуауэрэ адыгэжьмэ я усэхэм, «Кавказ гъэр» поэмэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Пушкиным и ныбжьэгъуэхэр

УсакIуэР
И псэм едэжу тельт...
«КъыщIирпэт си ныбжьэгъуэхэр, - ЖеIэ. - Сльагъужынт... Сэ сахокIыж абыхэм, Сигу къыщIитIыну... Сыт хуэдэу фIыуэ Сльагъурэт сэ ахэр!..». Ар бауэрэ зыхьгъэ, Ауэ и ныбжьэгъуэхэр Зрыщыжьыжьэ. Щымрн къаехпIащ. Абыхэм нэкIэ IэплIэ къахущIыжрн, И докутыр Даль Ар гуапэу хуеплъэкIащ: «Нэхъ тьапIэ дыдэу ГъащIэм щызэIакIэр Ныбжьэгъуэ гъащIэм: Мо щIэныкъажэр - зыуэ, ЕтIуанэр - мис, уольагъур, Мы си тхыгъэхэр, Сэ ахэращ Сэ тхыдэр зыдэсхьар...». «ГуфIэгъуэ багъуэу» Ныбжьэгъуэгъуэр Пушкин

Щытащ и къытэу. Нужь дыдэу ар И тхыгъэхэм хуоплъэкIыжри, МэIущащэ: «Фыщыт зышIэу, си ныбжьэгъуэхэ!.. ФIыкIэ...»

Апхуэдиз гъащIэ ЗыщIэта и нитIыр Абдеж ныбжьэгъуэм Зыщыгъуэ щыгъуэ ФIыуэ и лIыгъуэ щыта И докутырым...

ЩIыгу дызыстынт Сыт къыщIихъуамк, Зэманыр макIуэ, И№кьым къэувыIэ. И ныбжьэгъуэ щIыхьэ Ныбжьэгъуэ гъащIэм: Щыгъуэ щыIэтащ, Ныбжьэгъуэ щыIэ щIыналъэ Ныбжьэгъуэ щыIэ щIыналъэ Ныбжьэгъуэ щыIэ щIыналъэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м

КъБР-м щыIэ МВД-м къыволъэIу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралкIуэщI Iуэхуэмкlэ и органхэм щIэгъэхуэбжьауэ кьалтыкъуэ милицэм и лэжьакIуэхэм кьэпщIэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым Налшык кьалэм Январым и 9-м и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэхэм ящыщ зым и щIыхьэпIэм и дежь абыхэм кьащытеуа щIэнхьажащIэр.

Иужь дыдэу къытIэрыхьа хъыбархэм къызэрыщыгъэльэгъуамкIэ, Iэщ1кIэ кьапэщIэуа боевикхэм ящыщу тIур милицэм и лэжьакIуэхэм уIэгъэ ящIащ, зым и кIуэщIым щэр техуауэ, хьэлъэщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м сымаджэщхэм, аптекэ Iуэхущ Iапэхэм, медицинэ центрхэм я унафэщIхэм, къызэрыгъэкIцIыхуэхэм Iэ хагъуэгъаз зыгъэ, зыгъэ, пхурыгъэкIцIыхуэхэм хэпльэныкIэ и ныкъуэ щIыхуэ гурыщхъуэ зыхуэщIыхьи хуэдэхэм зыхуагъазэмэ, абы техуауэ къэрал кIэщIуэ Iуэхуэмкlэ органхэм щабзэ ирагъэщIэну.

Хъыбарыр къызыбгъэдэкIам и цIэр хэIущIыу ящIынукъым, абы саугъэту ахьшэщхэу ирагъэнущ.

КъБР-м и Президентым и Администрацием КъБР-м и Президентым и Iуэхуэхэр зезыгъэкIуэ управленэмрэ я лэжьакIуэхэр КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я приемэм щыкIуэм зэрызыкъыхуагъазэхэм хэпльэныкIэ и консультантI **Щау Руслан** и **Бийбий и пхъымрэ** мыльку-техникэ къызэгъэпэщыныгъэмкIэ управленэм и инженер **Къуэшырокъуэ Мухьэмэд Адэлбий и къуэмрэ** яхуогузаэ абыхэм я адэ **Къуэшырокъуэ Адэлбий Хьэпагуэ и къуэр** зэрыIам къыхэкIыу.

ЗЭIУЩIЭР мазаем и 6-м Тыркуи щекIуэкIащ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Стукалов Борис джэгупIэ губгъуэм къригъэхьэхэм яхэтащ «Спартак-Налшык»м и гъащIэхьэныжъ Ятченко Дмитрий, гъащIэхьэныжъ Самсонов Олег, гъащIэхьэуэ Къэжэр Назир сымэ.

Ди щIалэхэр нэхъыбIхэм ящыщащ. АрщхьэкIэ я гъащIэхьэр зыгъэхьэм топ яхудиргъэкIыну зэIуущIэр 1:1-уэ ёзыгъэуэкар нэгъабэ «Спартак-Налшык» щыджэгуауэ иджы Санкт-Петербургрэ и «Зенитым» эхт Файзулин Викторэ. Аращ командэм и капитану щытари.

ЖЬЛАСЭ Заур.

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

ТЭГЪУЛАН Екъуб Къайсэр къалэм (Тырку) къретыкI

«Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм гу зэрылъытащи, ди газетым щIэх-щIэхыурэ кьытохуэу хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм ятеухуа тхыгъэхэр.

2008 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм ильэсищ ирикъунущ газетым кьытехуэу тхыгъэхэр интернетым махуэ кьэс зэритлъхьэрэ. Абы и фIыгъэкIэ «Адыгэ псалъэм» йодмэ Тыркум, Германием, Канадэм, Америкэм, Сирием, Иорданием, Израильм, нэгъуэщI къралхэми щыпсэу хэхэс адыгэхэр. Интернет Iэмалыр кьалъэсэбэпи, газетым кьытехуэ тхыгъэхэм щыгъуазэ зыхуащI дуней псом щытхъэгрыдащэу псэу ди лъэпкъэгъу 68.000-м. Апхуэдэуи щыIэщ ахэр езыхэри кьыщытхуэтхэ. Абыхэм ящыщ Тырку Республикэм хыхьэ Къайсэр къалэм щыпсэу Тэгъулан Екъуб. Ар и ЩIалъэкIэ дзэ дохутырщ. Тэгъуланым бзэр фIыуэ ещIэ, зэрызэдъэзэхуэжаи щымыIэу абы и тхыгъэхэр «Адыгэ псалъэм» кьытыдоджэ. Екъуб и Iэдакъэщ IкIхэм кьыщегъэIыгъуэ хэхэсхэм я гъащIэм кьыхьыхь зэхуэхьыныгъэхэр, я бзэр, я хабзэр яIыгъыжыныкIэ зыIуэ гъэбжьгъэхэр, я щIэблэм я кьэкIуэнум теухуауэ иIэ гупсысхэр.

Тэгъулан Екъуб изгъаб Хэкужьым щыIащ, «Адыгэ псалъэ» газетым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я хэщIапIэхэр зригъэлъэгъуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Из.



● Жыжьэ - гъунэгъу

Нэщхъеягъуэм пыщIа хабзэхэр

«Я анэм и жэнаым шхын зэрылъ тепщэч зыриз яIыгъыу хэт лIышхуитIыр щыслъэгъуам, си жагъуэ хъуащ икIи сфIэемыкIуаш». - жиIащ ЛIыжь гуэрым. Апхуэдэ Iуэху мыхъумыщIэм иджы нэхъыбэрэ гъащIэм ушрохьэлIэ. Къалэм щекIуэкI адыгэ нэщхъеягъуэ зыхэтыкIэм нужрей ильэхэм нэхъ къыхэщ хъуащ тырку хабзэр.

СЫТ ХУЭДЭ зэманми адыгэхэм я гуфIэгъуэ, гуэзвэгъуэ дауэдапщэхэр хабзэ дахэм тету ирагъэкIуэкIыу щытащ, апхуэдэ зыхэтыкIэр нэгъуэщI лъэпкъхэми яфIэгъэщIэгъ уэну, къежьапсэу апхуэдэт. А хабзэ дахэр я Iэтэгъут Жэжьыр зрагъэбгынэу Тыркур псэупIэ зыхуэхъуахэми.

Сэ кьыззэрысщIэжьмкIи, ди нэхъыжьхэм кьыззэраIуэтэжьымкIи, зыгуэр дунейм екъжамэ, абы и Iыхьлы, благъэ, ныбжьэгъу, цIыхъ угъэ псори дэнэ щыIэми, сыт хуэдэ Iуэху яIэми, зрагъэтIылъэкIырти гуэзвэгъуэ зиIэ унагъуэм екIуалIэрт. ПIыр сыткIэ щхьэпэ, ноби гуэзвэгъуэ кьахьуэ, цIыхур Iуву зэхуос, ауэ я нэщхъеягъуэ дэхьыкIэр ягъэм хуэдэжкьым. Щэч хэмыльу, абы и щхьэусыгъуэу сэ къэслыгъэр нэхъыбэр кьалэдэс зэрыхьурщ. Нэхьапэм кьуажэхэм щхьэкIуэхэр шууэ зэбграгъэкIырт, и ужькIэ хьыбар езыгъащIэхэм машинэкIэ кьакIуэх хъуащ, абыхэм я пIэр нобэ телефоным иубыдащ. Ахэр псори зызыужь зэманым и нэщэнэщ.

Жэнаэм ехьэлIауэ ди нэхъыжькьыфIхэм зэрахьэу щыта хабзэмрэ ди зэманым абы зэрызихъуэжамрэ дызэхуевгъэплъыт.

Нэхьапэм жэнаэзыщI кIуа гупыр пщIантIэм дыхьа нэужь, абы дэтхэм я Iэ сэмэгур кьалэтт. Ар кьызэралэтаи и лъагагъым лIам и ныбжьыр, абы хуащI пщIэр кьитъэльагъуэрт. Нобэ мы хабзэр щыIэжкьым. Гупыр екIуэкIыу увыртти, дыуэ ящырт, итIанэ унэм щыхьэрт. Нэщхъеягъуэр зейх эр бкъм и гъунэгъу щыст, я щхьэр ехьэхауэ, щымы. КьыщIыхьахэм сэлам зыми ирамыхьу зашIэ у тIыст, тIэкIу дагъэкIти, яхуэгузавэрти кьыщIэкIыжкыр т. Абы щыгъэми абыхэм зыри кьакIэпыкIуэтэрт зекьым. Ноби куэдым апхуэдэу ирагъэкIуэкI, ауэ нэгъуэщI зы хабзэ гуэрри кьрагъэжьащ: жэнаэзыр зейхэм ябгъэдохьэри я Iэр яубыд, Iэплъ, ба хуащI, IэплIэешэкIкIи кьрагъэжьэжь.

Нэщхъеягъуэр кьыздихьуа жьэгум щыпщафIэртэкьым, гъунэгъуэм шхын кьахьыртти, унагъуэм исхэр ягъашхэрт. Хьэдэр щалъхьэу дыуэ ящIа нэужь, кьекIуэлIаэхэр гъунэгъуэм зэбграшырти ягъашхэрт. Иджы-щэ? Iуэзвэгъуэ зиIэ унагъуэм шхын щапщэфI, кьакIуэ-накIуэр ягъашхэ. Псом хуэмыдэу мы Iуэхуэгъуэм нэхьыбэу ущрихьэлIэр кьалэхэрщ.

Нэщхъеягъуэм ехьэлIа хабзэхэр кьуажэхэм нэхъ щыIыгъыгъуафIэщ, ауэ ди цIыхухэр хуэмышIэу, абы дэтхэнэ зыми и щхьэ Iуэху зэрихуэущ зэрыщIэзэхэтри, зыхьхьаюм ещхь мэхъу.

Хабзэр нэхьыфIу зыщIэ нэхъыжьхэр зэгуэрым Къайсэр кьалэ щызэхуэсри, нэщхъеягъуэ дауэдапщэхэр зэрырагъэжкIуэжкIын хуей хабзэхэм теухуа унафэ ящIауэ щытащ, ауэ ахэр дахэ-дахэу ягъэзэщIэфакьым.

КIуэ пэтми зэманым зехьэжь, абы езым и хабзэхэри кьыздехь. «Къебгъажьэр хабзэщ» щыжаIэр арагъэнщ, щхьэж зэрыхьу и жэнаэ и Iуэхур ирегъэжьынI. Телевидениэм, радиом, интернетым «я фIыгъэжьI» лъэпкъ цIыкIуэхэм я щэнхабзэкIэр дэхуэха мэхъу. Пэжщ, зэманым кьемыззэгъыж хабзэхэри щыIэщ, ауэ нэщхъеягъуэм епхауэ ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ игъэзащIэу щытахэм купщIэ яхэлIщ, сыт хуэдэ лъэхъэнэми ахэр зепхьэу уэхэпсэу - кIыфIынущ.

● Гъуаздж

Америкэм щыщ балерин, адыгэ пщащэ Черкасскэ Марианнэ и къэфэкIэм куэд дехьэх. *Сурэтыр 1990 гъэм трахащ.*

● КъэкIуэнум дегупсысмэ

ДызыхущIэкъуамрэ дыкъызыхуэнамрэ

Ди лъэхъэнэм цIыху цIыкIур зыгуэрым хуэпIащIэу, зыгуэрым тегужьенкIауэ я гъащIэр яхь. Дэтхэнэ зыри, псом япэу, и щхьэ, и бынунагъэр зэрагъэIэнным, зыхуей зэрыхуигъэзэным яужь итыну, абы и ужькIэщ и бзэр, и хабзэр, и щэнхабзэр хъума зэрыхьуным щегупсысыну. Адэ-анэм я быныр унагъуэу игъэтIысыжынымкIэ зыхуэныкъуэ псомкIи кьызэгъэпэщынымкIэ яхуэзэфIэкI кьагъанэркъым, нужькIи зэрадэIэпыкъуным хущIокъу. Псом хуэмыдэу гугъуехыщхуэ пытыщ ахэр егъэджэн hуэхум, абы мыгъэкIуэ тегъэкIуэдэн хуей мэхъури. Тыркум егъэджэныгъэм мыхьэнэшхэу щрат. Зыхэсым зыкъыкIэрамыгъэхуи, уеблэмэ абыхэм ефIэкIын папщIэ, адыгэхэри я щIэблэм щIэныгъэ тэмэм, я щIакъуэ Iыхьэ кьыщагъэжьыкIфин Iэнатlэ зэрырагъэгъуэтыным хущIокъу.

Ауэ адыгэхэм ди Iуэхур абы и закъуэкIэ зэфIэкIыркъым. Хэхэс гъащIэр уи натIэу зы пъэпкъышхуэ ущыцIэпсэуэкIэ уи щэнхабзэр хъумэнымкIэ къэралыр кьыйбдэIэпыкъун дэнэ кьэна, уэрыхьигъэкIуэдэным яужь ити щыщыткIэ (Тыркур Европэ зэгуэтым хыхьэну зэрыхущIэкъуэрэ апхуэдэу ямыгъэтIинажу щытми), абы уэмышыпсхьыжу укъызэтенэныр тыншкъым. Быным датегужьенкIауэ, гугъуехь куэд ди фэм дэдгъахъуэрэ щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ едгъэгъэгъуэтмэ, гъэзэныгъэм и Iуэхур сыт хуэдэу пIэрэ? Апхуэдизэ гугъуехьыр зыдэтшэч ди щIэблэм кьызыхэкIа лъэпкъым и бзэ, и хабзэ, и тхыдэ имыщIэу жьыларIуэ утыку идмыгъажьэу пIэрэ? Ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэ унагъуэхэм я нэхъыбэм а Iуэхум гугъу зыдгъагъахьыщэркъым. Ди ныбжьыщIэхэм адыгагъэр зищIысыр ящIэу дгъэсэныр Iуэху нэхьыщIхьэ тIыгъуркъым. Ауэ дызыщыгуфIыкI зы Iуэхугъэ щыIэщ: я унагъуэм зыри кьыщамыщIами, иужькIэ зыпкъ блэмэхъуэпсыкIыу, кьызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм щыгъуазэ зызыщIыжа, абы и хабзэхэр кьэзыщтэжа щIалэгъуалэхэр кьудейкIи.

Кьытезгъэзэжу жысIэну сыхуейщ: хэхэс адыгэхэм кьалэнитI я пщэ дэтыщ: Iэмал зэрыIэкIэ, зыхэс лъэпкъым кьакIэрымыхуу, я бынхэм щэныгъэ тэмэм егъэтIуэтын; и лъэпкъ блэмэхъуэпсыкIыу, кьызыхэкIам хуэфащэу, и бзэ, и хабзэ ищIэжу и щIэблэр утыку кьигъэхьэн. Апхуэдэу мыхьэмэ, ди кьакIуэнур пшагъуэм хэтщ.

СИ НЫБЖЬэГъУ тырку дохутырхэм куэдрэ жаIэу зэхэсхащ кьаухэкIуа сымаджэр лъэпкъкIэ зэрыадыгэр пэшым кьыщыщIыхьэкIэ заншIэу кьыззращIыхур. Ар дауэ кьызэращIэр жыпIэмэ, нэмысфIэхэщ, сымаджэу кьаша я анэжь-адэжьхэм фIыуэ яхущытщ, дахэу йопсалъэ, кьабзэлъабзэхэщ, бэшэчхэщ. Ар щызэхэсхкIэ си гуапэ мэхъу, сропагъэ.

ЖаIэр пэжщ, кьабзагъэкIэ дызыхэс лъэпкъым куэдкIэ дыкьыщхьэщокI. «Къабзагъэр узыншагъэщ» жызыIэ лъэпкъым дыкъыщыхэкIакIэ ар гъэщIэгъэункъым. Адыгэхэм я кьабзагъэм гу лызыытэр дохутырхэм я закъуэкъым, абыхэм я унагъуэ ихьэ дэтхэнэ зыми ар кьыхагъэщ.

Псалъэм папщIэ, гъуэгурыкIуэхэр кьуажэ гуэр щыблэкIкIэ ар зэрыадыгэ жьилэр унэхэм я теплъэ кьудеймкIэ кьащIэ. Унэ щыIэ блынхэр уэс чэсейм хуэдэу хужьыбзэу зехьащ, пщIантIэр екIуу зэлъыуахащ, я хьэщIэщхэр щхьэхуэу щытщ. Ардэ унэу, пэшхэр хьэпкIыпIкIэ кьуауэ щымытми, кьабзагъэр щытепщэу, мэ гуакIуэ кьыщIихьыу апхуэдэщ. Нэхьапэхэм гъэгурыкIуэхэр адыгэ унагъуэм щыхьэщIэным щIэхъуэпсырт. Дыкъэзыльагъуэр кьыдэхэуапсэу ди псэукIэр зэтедухуат.

Адыгэхэр Кавказым кьэИэпхъэкIыу тырку щIынальэм кьыщыкIуам кьызыхьыха лъэпкъым лъэныкъуэ куэдкIэ ефIэкIырт. Сэ сызэрелъымкIэ, абы и зэран хэхэс адыгэхэм кьыдэкIащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дуней тетыкIэкIэ узыхэтIысхьэ лъэпкъым уефIэкIмэ, абыхэм кьапыпхьи бгъуэтыркъым, а уиIэм арэзы утохьуэри, адэкIэ зэрызыбужьи Iуэху зепхуэркъым. Адыгэхэм аращ кьащIащIар. Илъэс мин бжыгъэкIэ зэригъэпэща и хабзэ дахэхэр тэмэму мыбы щыхэхъумакъым. Апхуэдэу ахэр Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и къэкъутжьыгъуэ, и тхьэмыщкIэгъуэ зэманым ирихьэлIат, икIи адыгэ хэхэсхэм гугъуехьыр я натIэу къекIуэкIащ.

БлэкIа уэлбанэм щIакIуэ кIэлъыплъэжкIэ мыхьэнэ иIэкъым, ауэ зэзэмызэ согупсыс: адыгэхэм Хэкужьыр щрагъэбгыдэм тырку щIынальэхэр мыхъуу, мамыр псэукIэ, социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ зызыужьа, щэнхабзэ къулей зиIэ къэралыгъуэ Iэпхъуэтэгъэтдухуат.

Адыгэхэр Кавказым щаIыгъщ инджылызыбзэм, франджыбзэм, хьэрыпыбзэм, фарсыбзэм кьыхэкIа псалъэ куэдым. Уэрамхэр кьызэхэпкIухьмэ, хамэ кьэралыбзэ тхыгъэ куэд уи нэм кьыфIонэ. Телевиденэм, радиом, газетхэм, журналхэм узыщрихьэлIэри апхуэдэ щытыкIэщ.

Тыркуэр я бзэм зэрытегуэзвэхьыныкIэ пхуэгъэкъуэнщэнукъым, ауэ мы кьэралыгъуэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм я бзэхэр дауэ зэрыхъунур? Абыхэм щыщIыIэ дежи я гугъу щашIу зэхэпхынукъым. ХьарыкIщ тырку бзэр хьуэмэным, егъэфIэкIуэным гулъытэ зэрыхуащIыр, ауэ кьуэш пхуэхъуауэ кьыбдэпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр Iэщlыб пщIынкIэ кIуэр? Лъэпкъым и куэдагъ-мащIагъкъым бзэм и зехьэныр зэпытар. Дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэр и щIэнщ, хьэгъуэфIы-жыпIэмэ нобэ абы увыпIэ щхьэхуэхэр щаIыгъщ инджылызыбзэм, франджыбзэм, хьэрыпыбзэм, фарсыбзэм кьыхэкIа псалъэ куэдым. Уэрамхэр кьызэхэпкIухьмэ, хамэ кьэралыбзэ тхыгъэ куэд уи нэм кьыфIонэ. Телевиденэм, радиом, газетхэм, журналхэм узыщрихьэлIэри апхуэдэ щытыкIэщ.

Тыркуэр я бзэм зэрытегуэзвэхьыныкIэ пхуэгъэкъуэнщэнукъым, ауэ мы кьэралыгъуэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм я бзэхэр дауэ зэрыхъунур? Абыхэм щыщIыIэ дежи я гугъу щашIу зэхэпхынукъым. ХьарыкIщ тырку бзэр хьуэмэным, егъэфIэкIуэным гулъытэ зэрыхуащIыр, ауэ кьуэш пхуэхъуауэ кьыбдэпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр и щIэнщ, хьэгъуэфIы-гъуэ лъапIэу зэрихьэн, псоми зэхуэдэу абы пщIэ хуащIын хуейщ.

Кьапщтэмэ, си тырку ныбжьэгъуэр езыхэм я бзэм тегужьенкIауэ, ауэ кьакъэхэс лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр кьызэрырамыдзэм щхьэкIэ сигу йобгъэ. Сэ кьызгуроIуэ ущыпсэу кьралым щызэкIуэ бзэ нэхъыщIхьэр псоми ящIэн зэрыхуейр. Ауэ сыт ягъэ кIын, кьыпхэ адрей лъэпкъхэри уи щхьэ епльытрэ, абыхэмэ я анэдэлъхубзэр хэмыкIуэджыныкIэ дэIэпыкъуэгъу хэмыхъу? Мы кьэралыгъуэр щаухуэм мыбы ис лъэпкъ псори абы и зэфIуэвэныгъэм я кьаруу емыбдзэжу хэлIыфIыхьащ. Кьапщтэмэ, абы щыгъэ екIуэкIа зауэшхуэм Узун-Йайла адыгэ куейм и закъуэ кьыдэкIауэ шу 1000 хэтащ. Адыгэхэм ноби кьралым хуаIэ щытыкIэм зихъуэжакъым, ахэр гуроIэ псэкIэ Тырку кьэралыгъуэм зиужьыным хуоладэ. Тутъэльабыхьащ щыIэтIэ? ехъуIэныгъэри эдэгугъэшьи хуейщ.



Къайсэр университетым и ректоратым и унэ щIыхьэпIэм Ататюрк и фешлъ щагъуэвар зыщIар адыгэ скульптор Хьэджымокъуэ Уэсмэщ.

● Хэхэс гъащIэм и гурыгъуэгр

Узыхэтым уефIэкIмэ...

● Щэблэ

Студентхэм ядоIэпыкъу

США-м хьыхь Нью-Джерси штатым щыпсэу хэхэс адыгэхэр куэд мыхъуми, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мурадышхуэхэр яIэщ. Илъэс блэкIам и щэкIуэгъуэ мазэм Шэрджэс ЩIэныгъэ Фондым абыхэм я мурадхэр зрагъэхъуэлIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу, хэхэс адыгэхэм ящыщ студент 54-м доллар мин 55-рэ стипендиеу ятригъэщащ.

- ШЭРДЖэС ЩIэныгъэ Фондыр ныбжьыщIэхэр щIэныгъэм дегъэхьэхьан, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэным тегъэгушхуэн, зыгуэркIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун мурадкIэ 2005 гъэм кьыздгъэпэщауэ щытащ, - жеIэ Фондым и президент Шапсыгъ Ридуан. - ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъыр щгъащIэм ехъуIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьэфынур.

Шапсыгъым зэрыжиIэмкIэ, Фондым кьыхэхъуэ мылъкур илъэсым тIэу ирагъэкIуэкI псапащIэ Iэхуэхэм кьыхокI.

- Мы гъэм стипендиер зыхуагъэфащэ ныбжьыщIэхэм я процент 95-р Нью-Джерси щопсэу, адрейхэр Калифорниемрэ Кавказымрэ щыщщ, - жеIэ Фондым и мылъкур зезыгъакIуэ Фарукъ.

Шэрджэс ЩIэныгъэ Фондым иригъэкIуэкI зэпеуэм зи лэжьыгъэр нэхъыфIу кьыщалъытахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа, «Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэ» жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм зэт Щоджэн Эллэ.

- Шэрджэс ЩIэныгъэ Фондым и стипендиер къэзыхьыну хущIэкъуэхэм папщIэ екIуэкI зэпеуэм си лэжьыгъэр щезгъэхьам, сэ сыгугъэртэкъым ар нэхъыфI дыдэхэм хабжину, - жеIэ Эллэ. - Си лэжьыгъэр тезухуат псапащIэ Iэхуэмрэ абы лъэпкъ цIыкIуэхэм я джжкIэ иIэ мыхьэнэмрэ. США-м щIэныгъэ щызэбгъэгъуэтыным мылъкушхуэ токIуадэ, Фондым игъэувэ стипендиием еджапIэр кьэбухьыхукIэ уримыкъуми, абы ныбжьыщIэхэм я лъэр нэхъ щIегъэкI, я зэфIэкIыр нэхъри хагъэхъуэным тегушхуэнымкIи сэбэпышхуэ мэхъу. Ахъшэр езы студентхэм ираткъым, атIэ ахэр зыщIэтIысхьа еджапIэхэм занщIэу хуагъэхьу аращ. НыбжьыщIэхэм апхуэдэу зыщIагъакъуэкIэрэ, Шэрджэс ЩIэныгъэ Фондым хуэдэ Iуэхущ Iапl эхэм хэхэс адыгэхэм ехъуIэныгъэ зыIэрагъэхьэнымкIэ, лъагаIэщIэхэм хуэкIуэнымкIэ тегушхуэныгъэ ират».

Щоджэн Эллэ США-м 2006 гъэм кIуащ бзэхэр джынымкIэ TOEFL студент программэм ипкъ иткIэ. Ар яхэхуащ экзамен зытахэм ящыщу ехъуIэныгъэ къэзыхьа процент 5-м. Илъэс блэкIам и фокIадэ мазэм Элло и доку-ментхэр Нью-Йорк и университетхэм ящыщ зым иритащ, иджы абы жэуап кьыщратыжынум поплъэ.

Илъэс етIуанэ хъуауэ ар адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу щолажьэ адыгэ сабийхэм папщIэ кьызэрагъэпэща тхьэмахуэ еджапIэм, апхуэдэуи «Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэ» жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм хэту псапащIэ Iэхуэхэми жыджэру зыкьыщегъэлъагъэ.

- Сэ Америкэм сыкъыщIэкIуар адэкIи си щIэныгъэм хэзгъэхъуэн папщIэщ, ауэ Iэмал имыIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым згъэзэжынущ, икIи республикэм и зэIуэзэпэщ псэукIэм си гущIэ зэрыхэслъхьэнум сыхущIэкъуну. НыбжьыщIэ псоми зауэзэгъазэу яжеIэну сыхуейт: пхуэзмыгъэхъулIэн зыри щIэкъым, абы щхьэкIэ уи щIэныгъэм, зэфIэкIым ерыщу зэрыхэбгъэхъуэным ухущIэкъун хуейуэ аращ. Ауэ а мурад зыхуэбгъэувыжар щIэзэбгъэхъулIэкIэ зыщIмыгъэгъупщэ, уи лъабжьэр кьыщежьэр, укъызыхэкIа лъэпкъым и хабзэ дахэхэр - ахэращ сытым дежи кьару мыкIуащI кьыпхэзыльхьэнур», - жеIэ Эллэ.

Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэ.
США, Нью-Джерси штат.

● Iуэху еплъыкIэ

Сывolъэ Iу: фыкъэуш!

Сэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм сащыщщ. Сыхуейт сызыгъэгумэщI Iуэхугъуэм фыщызгъэгъуэзэну.

ЗЫ ЛЪЭПКЪЫР адрейм кьыщхьэщызыгъэкIыр Iурылъ и бзэрщ, кьыдекIуэкI и хабзэрщ. Зи бзэр кьэзымыгъэсэбэпыж лъэпкъым и кIуэдыжьыгъуэр кьызэрысар нахуэщ. Хэхэс адыгэхэм ди бзэр зэрыгIэщIэхур нэхъыбэу кьызыхэкIыр дыгъэфу дыдзэрымыщагъ. Нобэр кьыздэсым зы тхыбзэ уфызыуа диIэкъым мыбы щыIэ адыгэкъм. Латин графикэм дытету дытхэу, деджэу десащи, кириллицэр гугъуу кьытщохьу. Латин графикэр и лъабкIьэу ди тхыбзэр зы жыпхъэм тедгъэувэнымкIэ дызэрызэгурымыIуэм кьыхэкIыу кьетхьажьэ сыт хуэдэ Iуэхури и пIэм икIыркъым.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, хэхэс адыгэхэм зэкIэ нэхъ яфIэтыншу щыт латин графикэр кьэдгъэсэбэну ди тхыбзэм и Iуэхур зэрызэгедубIэным иужь дитын хуейщ. Абы дыгехьэрэ ди цIыхухэр зэ тхэн-еджэным едгъэсэфмэ, адэкIи бзэр нэхъ лъэщ зэрытщIыным дыхущIэкъунщ, апхуэдэу кириллицэми нэхъ тыншу дыт ехьажьфыну кьызыщохьу.

Хэхэс адыгэхэм мыпхуэдэу захуэзгъэзэну сыхуейт: «Ди лъэпкъым Iурылъ бзэмкIэ дымытгъэфыныр пэжкъым. АдыгэбзэкIэ дытхэу тлъагъуныр пщIыхьэпIэ дахэу кьытщыхъуу кьекIуэкIащи, дыкъэзгъэуши, ар нахуапIэ зэрытщIыным дыхущIэзгъэкъу.

Си гуапэ хъунут мы кьыхэслъхьа Iуэхум фызэрепльыр, абы хэкIыпIэ хуэхъуну кьэфIыгъэтэр кьыжьифIэу фыкъыпэджэжамэ.

МАРГЪУЩ Везир. *Истамбыл.*



Къайсэр къалэ адыгэ щащэ дахэ куэд дэсщ. Абыхэм ящыщщ мы сурэтхэм щыфIыгъу Токьмакъ Синэмисрэ *(ищхьэмкIэ)* **Кхъужь Деметрэ.**

● Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ

Iуащхьэмахуэ

Iуащхьэмахуэ игу кьыщежьэу мэпIейтей.
Хьр здэщIыIэм яунэтIауэ Йожэх, кьафэу ислъэмей.

Дэнэ кIуэми лъахэ фащэу,
Хабзэ дахэр кьыздрахьэкI.
Дэнэ псыми хэмыгъущэу,
Ахэр кьоф ислъэмей.

Пшэм щылыду уэгум итхэр
ПфIэмыщI вагъуэу удэпльейм.
Ахэр лъахэм и ткIуэпс дыщэу
Ноби кьофэ ислъэмей.

Кьохыж уэшхыуи дэни носыр
Iуащхьэмахуэ ипс пIейтейр,
ЩIылъэ псоми яльоIэсыр
Ди кьэфэкIэу ислъэмейр.

Хьуэ щыIэм ухэпльамэ,
Хьболъагъуэр толькъун уейр,
Нэхъ еплъыIуи - къэплъагъунущ
Кьыззэрыфэр ислъэмей.

ЕХЪУЛIЭ Хьэний.
Иордание, Уадисир. 1980 гъэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Тхыдэ зиІэ уэрэдыжь

Азэпщ и къуэ Гъудэберд и уэрэд

Ара, уо-уо, Къэнжал и шащхьэркъэ рэ-уэ ней,
Ежьу! Уо!
Уоу-уэукъэ, уэр сэрмахуэ, уей, а махуэмэ мэгъуагъуэ.

***Ежьу!* Уо, уо-рирэу рира!**

Дарнихум и быдэр зи джанэ,
Урыху и банэр зи гъуэгу.

Урыху и банэм лъагъуэр хезгъэщц,
Сымыхэшэн щхьэкІэ Хэкур собгынэ.

Пщыр сымыукІыу пщыукІ къысфІащ,
Пщыр зыукІам си жэр хумысэт.

Си нэр хуэмысэ щхьэкІэ си Іэр хуэхейт,
Си Іэр хуэ жей щхьэкІэ си жьэр мыхашэ.

Сымыхэшэн щхьэкІэ Хэкур собгынэ,
Си шыпхъу щыкІуитІым гъуэгуанэ кІыхьым я нэр тозашэ.

Си нэрхъ щыкІуитІыр зэшхуэзэесщ,
Сызджьнэсар си епсыхьпІэт.

Къэбанхэ я къуэр си ныбжьэгъуфІт,
Къэбанхэ я пщІантІэм сэ сыныдохьэ.

Шы зыщІэмыхьэжу пщІэгъуэлэ къазыр кьызет,
Къэбан пщІэгъуалэр зэрыпщэзадэ.

Пщы зи хьэдэгъуэр тхьэм укъысщешэ,
Сымыхэшэн щхьэкІэ Кърым сокІуэжьыр.

Кърым хьэблэжьыртн хьэблэшхуэт,
Дыщэ фатъэшхуэмкІи сэ сыкъыщофэ.

Итыр изофри и фэр ныэо хь,
И фэр нэзыхьыр Къэбанхэ фи пщІэгъуалэжьырщ,
Дыщэ фатъэшхуэр Къэбанхэ сэ нахузоьы!

ТАЛЪОСТЭНХЭ я уэлинГъуэт. Татъостэнхэ я пщыжьыр Тхьипщэхэ я ныс5 дахэм екъуэпсаУэ, щІасэу нубыдыну имыгъэпсэуУэ хуиІуэхуГр. Ныкъэм хуэмышІэныж щыхъуи, пщыныкъым и мурад фІеІр зыхэс лъэпкъым яхуиІуэтащ. Лъэпкъым унафэ ящІри ныкъэм щэхуу пщыжьым пІалъэ ирыригъатащ. КъыщыкІуэм пэтІысри яуклащ. Уэркъ Азэпщ и къуэ Гъудэберд абы екутыпІэри, псори илъэгъуащ. «Пщыр зыукІар уэращ, уэрмырамэ, а щІэпхъаджэр зыщІам и щІэ къыгъхуиІуэ!» - жаІэри Гъудэберд ыр Татъостэнхэ ягъэкъуаншэрт.

Гъудэберд мыхэшэн щхьэкІэ, осетин Къбанхэ я пщІэгъуалэ шы жэрыр хьэхуу кьаІихри, абы тесу Кърымым кІуащ. Тэтэр хэми ихэмызагъэу, батырыбжьэ зэрырагъаФэ я дыщэ фатъэр и шым и жэрагъым и фІыгъэкІэ кьаФІихри, Къбанхэ тыгъэ яхуищІащ, ящри яритыжащ.

Татъостэнхэ я хьэщІэщым щІэтІысхьэри и щхьам и уэрэдыр абы щиусащ.

Зытхыжар
КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкущ.

«Harper's Bazaar"-м и унафэщІыр адыгэщ

ДИ ГАЗЕТЫМ зэрытетащи, Москва щыщыдэкІ «Harper's Bazaar" модэ журнал щІэрыІуэм и редактор нэхъыщхьэщ адыгэ щІалэ Къанкъул Анзор. А къулькъур абы нэгъаО3 гъатхэпэ мазэм кьыхуагъэфэщаУэ щытащ.

Къанкъулыр 1968 гъэм Бахъсэн кьалэм къыщалъхуащ. Ломоносовым и цІэр зезыхьэ МКъУ-м и философие къудамэр кьнуха нужь, модэ журнал куэдым япыщІауэ щытащ. 1997 гъэм "ОМ" журналым и къудамэм и редактору, итІанэ 1999 гъэм редактор нэхъыщхьэм и кІадэнэхэр игъэзащІэу щытащ. 2004 гъэм и фокІадэ мазэм «Harper's Bazaar" модэ журналым шеф-редактору гъэжьэн щыщІидзащ.

Журналыр 1996 гъэ льандэрэ Урысейм къыщыдокІ. «Harper's Bazaar"-р модэм кІэлъыплъ бзылъхугъэхэм яхузГьэзащ. Абы къыщыбгъуэнкІыу модельхэрэм я Іэдакъэщ1экІэр, щІыхь щІэрыІуэхэм я гъащІэм, щІнхабэм кьыщыхьэу ІээхуГъуэхэм, модэм зэрызихъуэжьым теуХуа хьыбархэр.

«Independent Media Sanoma Magazines" тхылъ тедзанІэ уиэм и унафэщІэм я зэгуфІ ныгъэм эт Шлиппе Михаил Къанкъулым а къулыкъыр къыщыхуагъэфэщам жиІаУэ щытащ: " Журналым и редактор нэхъыщхьэм и кьалэнэхэр ди гуапэу и пщэ дэтлъхьащ Къанкъул Анзор, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар апхуэдэ кьыдэкІыгъуэхэм я Іуэху зыІутым фІыуэ щыгъуаз, зи лэжьыгъэм и пІалъэ зыщІэ ІэщІагъэлІ нэсщ. ИльэситІ ныкъуэрэ хьуаУэ Анзор «Harper's Bazaar"-м и гупым хэтщ, икІи хэт нэхъри нэхъыфІу журналым и зэхэтыкІэм, адэкІи абы и лэжьыгъэр зэрыдзэтеублэн хуейм щы-гъуаз5щ, и ГъусэжяиращІ, щхьэгъуэ кьыдэкІыгъуэхэм зыкІи ещхькъым, абыхэм куэдкІэ йо- фІкІ, - жеІэ Къанкъул Анзор. - Сэри, редакцэм дыхуэхьІуэну.

Мы зэманым Урысейм журнал куэд дыдэ къыщыдокІ. Абыхэм яхэтщ купщІэ зиІэхэри, мыхьэнэншэ дыдэхэри. Журнал кьудэгъэкІыным иджыпІсу ящІэрыІуэ зэратащ, шэч хэмылъуи, абы мылъку хьарзыни кьыпокІуэ, ауэ а Іуэхум ухимылъафэу укъыщыхэкІынур узыпэрыхьа дэжьыгъэр зыхуэдэмрэ ар щІэнщІэм и мыхьэнэмрэ фІыуэ кьыбгурыІуэжьу щытмэ, Къанщэ, сэ а Іуэхум зи мылъку "хисхьахэр" мышІэу зэрыщыІэм сыщыгъуаз5щ.

Ди къэралым и мызакъуэу, дунейпсо щэнхабзэм къыщыхъу сыт хуэдэ Іуэхуугъуэми щыгъуаз5 зэрызыхуэтщІыным дыхущІокъу икІи дэтхэнэ зыми теухуауэ дэ езым ди Іуэху еплыкІэри журналым и напэкІуэцІхэм къыщыдогъэлъагъуэ. Апхуэдэу, цІыху цІэрыІуэхэм я гугъу щытщІкІи, ар хьэлыншэм, щІыкІейм, езым хуэдэ щымыІуэ къыщыхъуэжу сыгри кьригъэзэгъуэ дунейм тетмэ, абыхэми гулъытэ лъэпкъ яхуимыщІу «Harper's Bazaar"-р къапокІуэкІ.

Куэдым ягъэщІагъуэ МКъУ-м и философие къудамэр кьзыныха сэ си гъащІэр модэ журналхэм зэрыпхащ. А зэманым си Іэщ1агъэкІэ сызыхэдэнышхуэ щыІэтэкъым, журналхэри Урысейм кьыщынэху къудейуэ арат. Ар куэдым яфІэгъэщІэгъуэнт икІи ахъшэфІи кьыпэкІуэрт. Абы щыгъуэ сэ сызыдеджахэми, тхыдэ, филологие къудамэр кьызыуахэми я нэхьыбэр журналист хьуащ».

Ди хэкуэгъу щІалэм Урысейм и щыхьэрыр псэупІэ хуэхъуами, къыщІалъхуа, къыщыхъуа щІынадъэм гукІи псэкІи пыщІащ. Къбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу и благъэзэм, и ныбжьэгъуэм я деж лъагъунІьагъу къоКІуэж, республикэм къыщыхъу сыт хуэдэ Іуэхуми фІы дыдэу щыгъуаз5щ.

● ЖыІэгъуэкэр

КъыкІэрыхуам зэманыр здэкІуэр къыгурыІуэжыркъым

Факъырэм хуащІэІаркъым - я щхьэм папщІэ, псапэ хуэщІэу хуашиІ; зэхуэщІэ здэщыІэр зи кьарум кьиГъэгуГъэжи я дежщ.

Дзэ лажьэ зимыІэр Іуохури, бзэгур кьонэ.

Зэрыщытам епль жаІэми, здынэсхьар моракъэ жаІэми, кьыпхуопсалъэ.

Псальэр Іуэхум яп5 къэжьэ, ауэ абы дэкІуэдыжыркъым. Умыщ1э умыІу а3 жаІэмэ, кьапщІэ псор Іуэтэж жаІакъым.

ЦІыхум игу кьыпхуильыр и натІэм кьыз5эпхивтэмэ, ГъуанэІу пхиудыжынти.

Гъуэгу хэпш кІуэ дейкІэ зэфІэкІыркъым: лъэужьым зэ иригІуэжьт!

Зэманым яп5 уэрэрищынри уэрэщІэрыхуунри пщІэнуКъым: гуГъур абы екІуу удекІуэкІынращ.

Зэманыр ГъащІэм и ГъущэкІэ: укъмышІащкъмэ - блэкІащ. Зи нобэр мышІагъуэжьым и дыгъуасэр кьыдрегъэжей.

И зэманым ипэ ящар цІыхум щІагъуэу кьагурыІуэркъым, кьыкІэрыхуам зэманыр здэкІуэр кьыгурыІуэжьркъым.

Лам хуэфащэ нэмыс кьыльосыК, кьыщІэнахэм зэхэщІыкІныгъэ нэс яІмэ.

Ми щхьэм т еплякъу укъыз дикІамкІэ зэ уеплъэкІыжмэ, кьызэбэнкІа уи гугъахэр пщхьэщІкІаУэ пльагъужьинц.

Хэпсэр кьыхэпхыжмэ, ухилъафэркъым: иныжь хэзысэу цІыкІужьей кьеъзыхьэлІэжа щыІащ.

ГъащІэм и кУуГаГаъым хуэдизкІэ и кІыхьагъкІи зе5.

Дыпсэхуху кьытхуэныкъуаІар пэжщ, дылІа нэужь дащымыгъупщэжмэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэкэр

Джэд гъэва, бжьыныху и гъусэу

Джэд гъэвар зэрыщыту е Іыхьэ-Іыхьэу зэпхърахри, шыгъу зыхэпъ псы кьэкъуальэм хатъхьэри яГъабэ (лэпсым хадээ зы бжьыныщхьэрэ шыбжий пльыжь щІыкІу Іыхьэрэ). Ба нужь джэдыр кьыхахьыж.

Дэтхэнэ зы Іыхьэрэ щхьэжуэу кьащтэри бжьыныхуШыпсым (зы стэканрэ ныкъуэрэ хъу лэпсым бжьыныху зыхэдзи 5 - 6, щыгъу лошкІэ ныкъуэ хэпъу эзхагъэзэрыхьри, языж) хащІэри, хьэкъущыкъу гуэрым ирапльхъэ, и щхьэр трапІэжри, тІэкІуэр щагъэтщ.

Бжьыныху щыпсыр щхьэжуэу пщІы хъунущ. Шатэм е шхум бжьыныхуу уба, шыгъу, шыбжий хатъхьэри, зжагъэзэрыхь.

Щхьныгъуэр пІастэ щІыгъуэ Іэнэм яхь, нэхъ нужьКІэ джэд лэпсыр трагъэувэ. Лэпсым хугу е прунж зыхэтъ хьэнтхъупси кьыхэпщІыкІ хъунущ.

«Адыгэ шхыныхэр» тхылъым кьытхыжащ.

Псальэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** ЩІыпІэ хуабэхэм щыпсэу псэущхьэшхэр, хьэльэзекъуэ кьагъэсэбэну. **6.** Дзэм кьурыкІу щызыщІэ. **10.** Кьэрмокъуэ Мухьэмэд и роман е щыхъэщІэ. **11.** ЩІэ зрапъхьэу яГьауэ Іэщ. **13.** Зеинщэ. **14.** Зи щхьэр зи фэ щІагъым щІэзэпщкІуэф, псэм щыІэм щыпсэуф, хуэм дыдэу кьэзыкІухь псэущхьэ. **15.** Ахьщэ жьГей. **17.** АдаГэщІэрэ ... Пісэхэлъхьэж. **27.** ТкІуэткІу гуэрым и щІэтІысыкІ. **29.** УрысыбзэкІэ тхэ адыгэ тхакІуэ. ЩІэ лейуэ Адыгэ Тенджвэз зыфІищьжащ. **30.** МэкъуПІэхэм, чыцэхэм щыпсэу къуалэбзу щыкІу, дахэ-дахэу мыльэтэфу. **31.** Бжар зэрагъэбыдэ, зэрыІуахьж. **32.** МылъкукІэ иримыкъу. **34.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **35.** Пасэрей зэрыпыджэ Іэщэ. **36.** Емыщхьу щэкІым хэт курыкэ. **37.** Адыгэ къэфэкІэ. **40.** ХьумпІэщІэдж Іуащхьэ. **41.** Тхыдэм и зы Іыхьэ. **43.** Андермыкъан мыпхуэдэу жиІаУэ хъыбархэм кьыхощыкІ: «Беслъэней пщІапцІэу ..., си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?». **45.** ЩІхьэусыгъуэ гуэрэ3 кьуэжэм дамысу зызыгъэпщкІуэу щытам зэреджэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мазаем и 2-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Налшык. **6.** «Марица». **9.** Абхъаз. **10.** Хьисэп. **12.** Даур. **14.** Уасэ. **15.** Къэрэгъэш. **17.** Хьилэшы. **18.** КІэрашэ. **19.** Гъубжэ. **20.** Марс. **26.** ХьэкІэсу. **27.** Шортэн. **28.** НапІащхьэ. **31.** Санэ. **32.** Къэнфэ. **33.** «Насып». **35.** Унагъуэ. **37.** Емынэжь. **38.** Бэрзэдж.

Къехыу: **1.** Клуб. **2.** Мыщафэ. **3.** «Мазиз». **4.** Дисэ. **7.** «Бжьамий». **8.** Гъэсашэ. **9.** Арджэн. **11.** Пудрэ. **13.** НэгъуэщІ. **15.** «Кьэзбрун». **16.** ЩІэрышэ. **21.** ХьэпащІэ. **22.** Гуэгъэн. **23.** Иуан. **24.** Срыкъуэ. **25.** Мэзыкъуэ. **29.** Адыгэ. **30.** Хьэнфэн. **34.** Амыщ. **36.** «Гъуазэ».

● Къуажэхьхэр

Зызымыгъазэу мэзым щІэкІ

■ Зи щхьэ гъуапльэ, зи лъэ щІу.
■ Зы махуэм кьалъхуа зэкъуэшитху, зэхуэмдизу, щІэ зырыз яІэу.
■ Зызымыгъазэу мэзым щІэкІ.
■ И тхьэкІумэрдзаеэ, и пэр сыриИэ, и пэр вагъуэ, мапкІэ, малъэ.
■ И щхьэр шу, и пэр щІыкІуу, екІуу хьэлъэ зыхь.

Жуэпхэр:

- Мыр сыт мы кьысхуэпхьар? - кьыщІэкІнящ, шхьадащ, хьунщІащ, дэпьеящ, а псоми кьыщымынэжу щІэнэкІальэ зыщІар суд пащхьэм иримышэу кьиГъэнакъым. СудыщІэр Дизыкъуажэтэ, бежьым и гукъеуэм кьедалуэри, апхуэдэу щІищІамкІэ Мысхьдым кьеупщІащ.

ЯГъэкъуанщэми зримыльэфыхьыщэу жэуап итащ: МЫСХЬУД бежьь гуэрым дежь пщафІэу щылІащІэрт. Абы Іэщ иукІыхуи кІуэцІыр, бейм зэримыпэсу, езым кьритыжырт. КІуэцІ кьыхуигъэнэжыр и лІыщІапщІэм пигъакІуэурэ, кьрит щыІэтэкъыми, Мысхьдыр бежьым хуэзгуэп хьуащ.

Зэгуэрым бейм и лІыщІэм унафэ хуищІащ хьарбыз кьыхуихьыну. Мысхьд хьарбызыр кьиГъэжьыхьри, фэр бежьым хуихьащ. Бежьым ар щилъагъум:

- Мыр сыт мы кьысхуэпхьар? - кьыщІэкІнящ, шхьадащ, хьунщІащ, дэпьеящ, а псоми кьыщымынэжу щІэнэкІальэ зыщІар суд пащхьэм иримышэу кьиГъэнакъым. СудыщІэр Дизыкъуажэтэ, бежьым и гукъеуэм кьедалуэри, апхуэдэу щІищІамкІэ Мысхьдым кьеупщІащ.

ЯГъэкъуанщэми зримыльэфыхьыщэу жэуап итащ: - Сумыкі, кьыпхуэгъункьым, - жиІащ лІы хьэм.

- Хэт дыкьинГъагъуэр, ихьуреягъкІэ псэ зыІут щыІэкъым, узэрызуКІыу кьыхуэгъуагъэхъэщ, - жиІащ лІы хьэрэмым.

- Зыми дыкьимыІъагъуми, жьуджалэ хэшэнщ, - жиІащ хьэрэмыр.

Арати, лІы хейр и ныбжьэгъу хьэрэмым а щІыпІэм щиукІри, а здэкІуам щыхэкІуэда хуэдэр, хьэдэр щІыпІэхьащ. Зэман щыдэкІым фызым нужь иухьри кьиущащ.

Махуэ гуэрым лІым зигъэхІурияуэ гъуэтъпІэм и пІу, фызыр абы и лъапэмкІэ кьыщысу здэуэршэрым, жьышхуэ кьыкъуэури бжэр кьыІуиудащ, жьуджали унэм кьыщихьащ.

Жьуджалэр щилъагъум, лІыр «хьыІ» жиІэри дыхьэшхащ.

- ЩІэдэхьэшхар кьызжеІэ! - жиІэу фызым щыхигъэзыхьым, лІым зиумысыжьым хуей хъури, Іуэхум и пэжыпІэр жиІэжащ.

- Аз5, уэ си лІыр букІыу гъэпщІагъэкІэ сыкъэпшауэ ара? - жиІэри фызым сэшхуэ фІэдзар сампІэм кьрильэфри, лІыр иукІыжащ.

● ГушыІэ

Сыт щыгъуи зым тет

- Мэл, быльым сукІмэ, и кІуэцІыр сэ кьызитыжыр т, улахуэу кьысІэрыхьэри арати, иджыри кІуэцІыр сэ кьэзгъэнэжауэ аращ.

- АтІэ, мыбы лІышІапщІэу епт тІэкІум ущІэфыгъужу судым кьэпшауэ ара? - зыкьыхуигъэзащ лІышІэр зыгъэкъуаншэм Дизыкъужэ.

- КІуэцІыр нэхъ кьапщтэ хьужамэ, ар уэ кьэгъаи адрейхэр лІышІэм ет дяпэкІэ, сэ абыкІэ хуит уэощІ, ауэ си сыт щыгъуи зым тет, - жиІэри иутІыпщыжащ судыщІэм бежьыр.

ЖЫЛАУ Нурбий.

«Harper's Bazaar"-м и унафэщІыр адыгэщ

Къанкъул Анзор

● Псалъэжьхэр

ПщІэ псор жумыІэ

❖ **Лы и псалъэ епщІыжыркъым.**
❖ **Мастэри саугъэтщи, махьшэри саугъэтщ.**
❖ **Нэрылъагъу щытхъу щыІабгъэрыуб.**
❖ **Нэхъыжьыр гъэльапІи, уи щхьэр лъапІэ хъунщ.**
❖ **Псы икІыгъуэм унэмысу уи кІэ умыІэ.**
❖ **ПщІэ псор жумыІэ, жаІэ псор уи фІэщ умыщІ.**
❖ **Уэшх блэкІам щІакІуэ кІэльмыщтэж.**
❖ **Уэыдэмыхьэ къуэладжэ лы дэщ.**

● Си хъуреягъкІэ

Нэпсей

И ЛЪЭМ имыІыгъыжу ешапэ и псэр пыхуу ерагъкІэ пІэм и щхьэр пщыхьэщхьэкІэрэ нехьэс Хьэжмурат. Арщхьэкі, и мылъку, ахьшэ кьомыр щикьухьам и гупсысэхэр щыфІыгъэбгрожри, дахэ-дахэуи жея, зыгъэпсэхуа мыхъауэ, кІэху кьыщищІым кьэтэджри, аргуэру сомым кІэлъожжьэж.

Апхуэдэхэщ махуэ кьэс. МакІуэ апхуэдэу и гъащІэр, нэхъ Іеиж хъу зэпытщ. Цыхур и кьулеягъэм щхьэкІэ кьохъуапсэ, дэнэ щащІэрэ а псор. Ауэ зыщІэм фІэпсэкІуэдщ.

Нэпсейр, мылъку нэхъыбэ иІэху, нэхъ тхъэмыщкІэ мэхъу!

Лъагъуныгъэ

- Сэ абы зы лъагъуныгъэ хузиІати, сэ абы зы лъагъуныгъэ хузиІати, - жеІэ куэд щІауэ сызыхуэмызэжа си щІыхугъым. - Си псэр щІэстынут. Ауэ, гъащІэгъэнщ, апхуэдэу щхьэ хъууэ пІэрэ, иджы сэ абы, зы лъагъумыхъунытэ хузиІэ хьужащі!..

ЗыщІыкІу си фІэщ хъуркъым сэ абы жиІэр: лъагъуныгъэр ар ипэжыпІэкІэ лъагъунытэмэ, а жыхуиІэм хуэдэ лъагъумыхъунытэм хуэкІуэжыкІэ мы дунейм зы Іэмал щыІэкъым, сыт абы кьытемыхьуами!

ХЬЭХ Сэфарбий.

● ЖыІэгъуэкэр

КъыкІэрыхуам зэманыр здэкІуэр къыгурыІуэжыркъым

Факъырэм хуащІэІаркъым - я щхьэм папщІэ, псапэ хуэщІэу хуашиІ; зэхуэщІэ здэщыІэр зи кьарум кьиГъэгуГъэжи я дежщ.

Дзэ лажьэ зимыІэр Іуохури, бзэгур кьонэ.

Зэрыщытам епль жаІэми, здынэсхьар моракъэ жаІэми, кьыпхуопсалъэ.

Псальэр Іуэхум яп5 къэжьэ, ауэ абы дэкІуэдыжыркъым. Умыщ1э умыІу а3 жаІэмэ, кьапщІэ псор Іуэтэж жаІакъым.

ЦІыхум игу кьыпхуильыр и натІэм кьыз5эпхивтэмэ, ГъуанэІу пхиудыжынти.

Гъуэгу хэпш кІуэ дейкІэ зэфІэкІыркъым: лъэужьым зэ иригІуэжьт!

Зэманым яп5 уэрэрищынри уэрэщІэрыхуунри пщІэнуКъым: гуГъур абы екІуу удекІуэкІынращ.

Зэманыр ГъащІэм и ГъущэкІэ: укъмышІащкъмэ - блэкІащ. Зи нобэр мышІагъуэжьым и дыгъуасэр кьыдрегъэжей.

И зэманым ипэ ящар цІыхум щІагъуэу кьагурыІуэркъым, кьыкІэрыхуам зэманыр здэкІуэр кьыгурыІуэжьркъым.

Лам хуэфащэ нэмыс кьыльосыК, кьыщІэнахэм зэхэщІыкІныгъэ нэс яІмэ.

Ми щхьэм т еплякъу укъыз дикІамкІэ зэ уеплъэкІыжмэ, кьызэбэнкІа уи гугъахэр пщхьэщІкІаУэ пльагъужьинц.

Хэпсэр кьыхэпхыжмэ, ухилъафэркъым: иныжь хэзысэу цІыкІужьей кьеъзыхьэлІэжа щыІащ.

ГъащІэм и кУуГаГаъым хуэдизкІэ и кІыхьагъкІи зе5.

Дыпсэхуху кьытхуэныкъуаІар пэжщ, дылІа нэужь дащымыгъупщэжмэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэкэр

Джэд гъэва, бжьыныху и гъусэу

Джэд гъэвар зэрыщыту е Іыхьэ-Іыхьэу зэпхърахри, шыгъу зыхэпъ псы кьэкъуальэм хатъхьэри яГъабэ (лэпсым хадээ зы бжьыныщхьэрэ шыбжий пльыжь щІыкІу Іыхьэрэ). Ба нужь джэдыр кьыхахьыж.

Дэтхэнэ зы Іыхьэрэ щхьэжуэу кьащтэри бжьыныхуШыпсым (зы стэканрэ ныкъуэрэ хъу лэпсым бжьыныху зыхэдзи 5 - 6, щыгъу лошкІэ ныкъуэ хэпъу эзхагъэзэрыхьри, языж) хащІэри, хьэкъущыкъу гуэрым ирапльхъэ, и щхьэр трапІэжри, тІэкІуэр щагъэтщ.

Бжьыныху щыпсыр щхьэжуэу пщІы хъунущ. Шатэм е шхум бжьыныху уба, шыгъу, шыбжий хатъхьэри, зжагъэзэрыхь.

Щхьныгъуэр пІастэ щІыгъуэ Іэнэм яхь, нэхъ нужьКІэ джэд лэпсыр трагъэувэ. Лэпсым хугу е прунж зыхэтъ хьэнтхъупси кьыхэпщІыкІ хъунущ.

«Адыгэ шхыныхэр» тхылъым кьытхыжащ.

Псальэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** ЩІыпІэ хуабэхэм щыпсэу псэущхьэшхэр, хьэльэзекъуэ кьагъэсэбэну. **6.** Дзэм кьурыкІу щызыщІэ. **10.** Кьэрмокъуэ Мухьэмэд и роман е щыхъэщІэ. **11.** ЩІэ зрапъхьэу яГьауэ Іэщ. **13.** Зеинщэ. **14.** Зи щхьэр зи фэ щІагъым щІэзэпщкІуэф, псэм щыІэм щыпсэуф, хуэм дыдэу кьэзыкІухь псэущхьэ. **15.** Ахьщэ жьГей. **17.** АдаГэщІэрэ ... Пісэхэлъхьэж. **27.** ТкІуэткІу гуэрым и щІэтІысыкІ. **29.** УрысыбзэкІэ тхэ адыгэ тхакІуэ. ЩІэ лейуэ Адыгэ Тенджвэз зыфІищьжащ. **30.** МэкъуПІэхэм, чыцэхэм щыпсэу къуалэбзу щыкІу, дахэ-дахэу мыльэтэфу. **31.** Бжар зэрагъэбыдэ, зэрыІуахьж. **32.** МылъкукІэ иримыкъу. **34.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **35.** Пасэрей зэрыпыджэ Іэщэ. **36.** Емыщхьу щэкІым хэт курыкэ. **37.** Адыгэ къэфэкІэ. **40.** ХьумпІэщІэдж Іуащхьэ. **41.** Тхыдэм и зы Іыхьэ. **43.** Андермыкъан мыпхуэдэу жиІаУэ хъыбархэм кьыхощыкІ: «Беслъэней пщІапцІэу ..., си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?». **45.** ЩІхьэусыгъуэ гуэрэ3 кьуэжэм дамысу зызыгъэпщкІуэу щытам зэреджэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 2-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Налшык. **6.** «Марица». **9.** Абхъаз. **10.** Хьисэп. **12.** Даур. **14.** Уасэ. **15.** Къэрэгъэш. **17.** Хьилэшы. **18.** КІэрашэ. **19.** Гъубжэ. **20.** Марс. **26.** ХьэкІэсу. **27.** Шортэн. **28.** НапІащхьэ. **31.** Санэ. **32.** Къэнфэ. **33.** «Насып». **35.** Унагъуэ. **37.** Емынэжь. **38.** Бэрзэдж.

Къехыу: **1.** Клуб. **2.** Мыщафэ. **3.** «Мазиз». **4.** Дисэ. **7.** «Бжьамий». **8.** Гъэсашэ. **9.** Арджэн. **11.** Пудрэ. **13.** НэгъуэщІ. **15.** «Кьэзбрун». **16.** ЩІэрышэ. **21.** ХьэпащІэ. **22.** Гуэгъэн. **23.** Иуан. **24.** Срыкъуэ. **25.** Мэзыкъуэ. **29.** Адыгэ. **30.** Хьэнфэн. **34.** Амыщ. **36.** «Гъуазэ».

● Къэрэшаемыкуэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Тхыдэ зиІэ уэрэдыжь

Азэпщ и къуэ Гъудэберд и уэрэд

Ара, уо-уо, Къэнжал и шащхьэркъэ рэ-уэ ней,
Ежьу! Уо!
Уоу-уэукъэ, уэр сэрмахуэ, уей, а махуэмэ мэгъуагъуэ.

***Ежьу!* Уо, уо-рирэу рира!**

Дарнихум и быдэр зи джанэ,
Урыху и банэр зи гъуэгу.

Урыху и банэм лъагъуэр хезгъэщц,
Сымыхэшэн щхьэкІэ Хэкур собгынэ.

Пщыр сымыукІыу пщыукІ къысфІащ,
Пщыр зыукІам си жэр хумысэт.

Си нэр хуэмысэ щхьэкІэ си Іэр хуэхейт,
Си Іэр хуэ жей щхьэкІэ си жьэр мыхашэ.

Сымыхэшэн щхьэкІэ Хэкур собгынэ,
Си шыпхъу щыкІуитІым гъуэгуанэ кІыхьым я нэр тозашэ.

Си нэрхъ щыкІуитІыр зэшхуэзэесщ,
Сызджьнэсар си епсыхьпІэт.

Къэбанхэ я къуэр си ныбжьэгъуфІт,
Къэбанхэ я пщІантІэм сэ сыныдохьэ.

Шы зыщІэмыхьэжу пщІэгъуэлэ къазыр кьызет,
Къэбан пщІэгъуалэр зэрыпщэзадэ.

Пщы зи хьэдэгъуэр тхьэм укъысщешэ,
Сымыхэшэн щхьэкІэ Кърым сокІуэжьыр.

Кърым хьэблэжьыртн хьэблэшхуэт,
Дыщэ фатъэшхуэмкІи сэ сыкъыщофэ.

Итыр изофри и фэр ныэо хь,
И фэр нэзыхьыр Къэбанхэ фи пщІэгъуалэжьырщ,
Дыщэ фатъэшхуэр Къэбанхэ сэ нахузоьы!

ТАЛЪОСТЭНХЭ я уэлинГъуэт. Татъостэнхэ я пщыжьыр Тхьипщэхэ я ныс5 дахэм екъуэпсаУэ, щІасэу нубыдыну имыгъэпсэуУэ хуиІуэхуГр. Ныкъэм хуэмышІэныж щыхъуи, пщыныкъым и мурад фІеІр зыхэс лъэпкъым яхуиІуэтащ. Лъэпкъым унафэ ящІри ныкъэм щэхуу пщыжьым пІалъэ ирыригъатащ. КъыщыкІуэм пэтІысри яуклащ. Уэркъ Азэпщ и къуэ Гъудэберд абы екутыпІэри, псори илъэгъуащ. «Пщыр зыукІар уэращ, уэрмырамэ, а щІэпхъаджэр зыщІам и щІэ къыгъхуиІуэ!» - жаІэри Гъудэберд ыр Татъостэнхэ ягъэкъуаншэрт.

Гъудэберд мыхэшэн щхьэкІэ, осетин Къбанхэ я пщІэгъуалэ шы жэрыр хьэхуу кьаІихри, абы тесу Кърымым кІуащ. Тэтэр хэми ихэмызагъэу, батырыбжьэ зэрырагъаФэ я дыщэ фатъэр и шым и жэрагъым и фІыгъэкІэ кьаФІихри, Къбанхэ тыгъэ яхуищІащ, ящри яритыжащ.

Татъостэнхэ я хьэщІэщым щІэтІысхьэри и щхьам и уэрэдыр абы щиусащ.

Зытхыжар
КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкущ.

● Нэщэнэхэр

Фэ шыуар псыІэ мэхъу

♦ **ПІастэ вэгъу щІалэ щыкІуэхэм ирагъэштэкъым.**
♦ **Сабий жейм ба хуэпщІмэ, зыгъэгусэрей мэхъу жаІэрт.**
♦ **Сабий цІыкІум и щхьэцыр бжьымэ, къуий мэхъу жаІэри е1ысэртэкъым.**
♦ **Тебэм илъу хьэлу яБжтэкъым.**
♦ **ТхьэкІумэ ижьыр плъымэ - кьыщІотхъу, сэмэгур плъымэ - уауб.**
♦ **Ешэнэ щыхъунум деж фэ шыуар псыІэ мэхъу.**

НапэкІуэцІ зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩІЭМЫЩІ Иэзщ.

Жьуджалэ хэшэнщ

● Хъыбар зиІэ псэтъафэ

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУИТІ щыІэт. Зыр хьэрэмт, зыр хьэлэт. Хьэлэлым щхьэгъусэ дахэ иІэт. Ныбжьэгъу хьэрэмыр а фызым кьуаупсэри и лІэр щІэнукІыу, цІыхубзыр кьиншэну мурад иІащ.

Арати, гъэпщІагъэкІэ иукІыну Іэщэншэу щІыпІэ нэщІым иришащ.

- Сумыкі, кьыпхуэгъункьым, - жиІащ лІы хьэм.

- Хэт дыкьинГъагъуэр, ихьуреягъкІэ псэ зыІут щыІэкъым, узэрызуКІыу кьыхуэгъуагъэхъэщ, - жиІащ лІы хьэрэмым.

- Зыми дыкьимыІъагъуми, жьуджалэ хэшэнщ, - жиІащ хьэрэмыр.

Арати, лІы хейр и ныбжьэгъу хьэрэмым а щІыпІэм щиукІри, а здэкІуам щыхэкІуэда хуэдэр, хьэдэр щІыпІэхьащ. Зэман щыдэкІым фызым нужь иухьри кьиущащ.

Махуэ гуэрым лІым зигъэхІурияуэ гъуэтъпІэм и пІу, фызыр абы и лъапэмкІэ кьыщысу здэуэршэрым, жьышхуэ кьыкъуэури бжэр кьыІуиудащ, жьуджали унэм кьыщихьащ.

Жьуджалэр щилъагъум, лІыр «хьыІ» жиІэри дыхьэшхащ.

- ЩІэдэхьэшхар кьызжеІэ! - жиІэу фызым щыхигъэзыхьым, лІым зиумысыжьым хуей хъури, Іуэхум и пэжыпІэр жиІэжащ.

- Аз5, уэ си лІыр букІыу гъэпщІагъэкІэ сыкъэпшауэ ара? - жиІэри фызым сэшхуэ фІэдзар сампІэм кьрильэфри, лІыр иукІыжащ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ЖЬэкІэмыхьу Маринэ